

## КЪИНДИ ЛÆГ КОВÆГ ДÆР ÆМА АХУАДÆГ ДÆР ÆХУÆДÆГ ÆЙ!..

***Номдзуд уруссаг финсæг Лев ТОЛСТОЙ финста: «Уогæ ба куд мæнгæ, куд усхъуммæ арæзт æй дуйне!.. Мæгурти фæллойнæй ка исгъæздуг æй, мæгурти фæрци галауантæ, бæркадгин хуар, амæй-айæ хъазардæр фæлуст кæмæн ес, еци гъæздугутæ уотæ гъуди кæнунцæ, мах мæгуртæн хуæрзгæнæг ан, зæгъгæ...»***



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№9-10 (835-836) 2022 анзи 29 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## АРФИАГ ЦАУ



### ÆМА ХАЙГИН КУД УОНЦÆ ЦАРДИ ЕУГУР ЦИЙНИТÆЙ!..

Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти исфæлдистади республикон Галауани æрæги рацудæй, **«Мы есть. Мы здесь!..»**, зæгъгæ, документалон кинониви презентаци. Дзубанди си цæуй Дауни синдроми хæццæ сувæллæнтти туххæй. Аци мадзал арæзт ба æрцудæй уомæ гæсгæ дæр, æма, зундгонд куд æй, уотемæй алли анз дæр 21 мартъий бæрæггонд фæццæуй Дауни синдроми хæццæ адæймаги Еугурдуйнеуон бон.

Кинониви уæлдай фулдæр æргом æздæхт цæуй еци сувæллæнтти исфæлдистадон ирæзтмæ æма дзилли ‘хсæн цардгъонæй архайунбæл ахур кæнуни гъуддагмæ.

Кинонивæ исиста мæскуйаг студи «Аланофильм» сценарийи автор æма æ продюсер æй **Бзарти Аланæ**, режиссер ба – **Андрей Зубарев**.

Кинонивæ есуни гъуддаги архайæг еугур сувæллæнттæ дæр æнцæ Галауани исфæлдистадон къуæртти иуонгтæ – уонæн сæ искурдиадæ æнхæстæй раргом кæнунæн æма се ‘мгæртти хæццæ æмгуст кæнуни еугур фадуæттæ дæр ес.

## ХЪÆППÆРЕС


Царди айдæнæ

### НÆ ЦАРДИ АЙДÆНÆ

Куд зонæн, уотемæй аци анз Уæрæсей Президент В.Путини унаффæмæ гæсгæ нимад æй адæмон аййевадæ æма адæмти æнæматериалон бундайради Анзбæл. Е ахсгиаг гъуддаг æй, æма мах, газет «Дигори» косгутæ дæр æй нæхецæн ихæсбæл банимадтан, уомæ нæ исфæлдистадон хай бахæссун. Нæ зæрди ес анзи дæргъи аллихузон æрмæгутæ мухур кæнун. Фал сæйрагдæр мадзал ба уодзæнæй – алли мæйи номертæй еуеми мухургонд цæудзæнæй сæрмагонд уæлæфтауæн «Царди айдæнæ». Уотæ ‘й хумæтæги нæ исхудтан – нæ адæми исфæлдистадæ, нæ национ культурæ æма аййевадæ æцæгæйдæр æнцæ айдæнæ, кæцими ирдæй зиннунцæ нæ адæми уодиконд, нæ цардарæзти, нæ дзилли хуæздæрти федауцæ.

Сæрмагонд уæлæфтауæни мухур кæндзинан публицистикон уацтæ, нæ адæмон исфæлдистади, нæ национ аййевади æма литератури зундгонд архайгути туххæй æрмæгутæ, таурæхътæ, литературон уадзимистæ...

Уæдта ма нæ зæрдæ уобæл дарæн, æма нæ газеткæсгутæ дæр сæ фæндон зæгъдзæнæнцæ, куд хуæздæр æма федауцæдæрæй цæттæ кæнæн аци уæлæфтауæн.

Нæ газети абониккон номери кæсетæ «Царди айдæнæ»-йи фиццаг рауагъд.



# АДÆМ – ФÆДЕСИ, КАДÆР БА – ФÆЛГУРМÆ?

Аци хузæмæ (номдзуд уруссаг хузæгæнæг Борис Кустодиев æй искодта 1918 анзи æма ‘й исхудта «Сæудегер, кæци нимайуй е ‘хцатæ») кæсгæй зæрдæбæл куд не ‘рбалæууонцæ абони хабæрттæ. Нæ адæми хъæбæр батухсун кодта, абони сагъæссаг уавæртæй фæппайда кæнгæй, нуриккон сæудегертæ сæ фурмулкдзæстæй цалдæргай хæттити фæффулдæр кодтонцæ нæ царди æнæмæнгæ гъæугæ товарти æргътæ. Хумæтæги нæ рагфидтæлтæй нæ байзадæй уæхæн загъд: «Адæм фæдеси, кадæр ба – фæлгурмæ!..» Аци загъд нæ хауй, мæнæ хузи ци сæудегер æй, уомæ – уомæн æма, еуемæй æ бакасти зиннуй рæстзæрдæ, æхца сæйраг кæмæн нæ ‘нцæ, уæхæн адæймагæй, иннемæй ба, нæй зонæн, кутемæй исамал кодта е ‘хцатæ, уой. Фал хауй мæнæ нур æргътæ фæффулдæр кæнунæн рæуонæ кæми нæ адтæй, уоми дæр уоййасæбæл ка исбæрзонд кодта, уонæмæ. Сæ фурзудæй сæ фурæдзæсгон миутæ ка аккаг кæнуй, уони ци исхонæн ес? Уотемæй дæр нæхъæртон адæми етæ никки агъазиаудæр нæхъæртондзийнади туфули амæттаг кæнунцæ æма сæ еци миутæй адæми ке тингун кæнунцæ, е еу фудракæндæ ‘й, иннемæй ба сæ ахъелунцæ паддзахади, хецауддзийнади нихмæ.

Еци тонагæнгутæн хумæтæг рæстзæрдæ дзилли бон неци æй.

2

НÆ МАДДÆЛОН ДИГОРОН ÆВЗАГ ХЪАЗАР КÆМÆН ÆЙ, Æ КАРНÆБÆЛ ИН КА ТУХСУЙ, УОНÆЙ КОРÆН ÆМА

РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР

***Номдзуд итайлаг поэт Данте АЛИГЬЕРИ (1265-1321) финста: «Къинди æнцойнæ нæ зонуй, ратæхæ-батæхæ исесуй, æрра æй, цæсгони цъарæ ибæл нæййес. Тухсун æй кæнуй айдагъдæр еунæг гъуддаг: нимæцтæ æма хигъд. О, тæрегъæддаг хъæрæу зунд!.. Уодесæг æрбацæуй æма кæрон искæнуй еугур гъуддæгутæн дæр...»***




# АДÆМ – ФÆДЕСИ, КАДÆР БА – ФÆЛГУРМÆ?

ФАЛ си паддзахадон хецаудзийнадæ ба карзæй дзуапп байагора, карзæй сæ бафхуæра, цæмæй исонибони макæмæ бал си фæззинна, уотид гъуди дæр уæхæн знаггадæ аразуни туххæй. Æма раст зæгъгæй, куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ нæ республики разамунди ‘рдигæй æргъæ аразуни гъуддаги гъæугæ æгъдау федарæй æрæвæруни фарстамæ бæлвурд æргом æздæхт цæуй.

### АДÆМИ ТУХСТ ÆЦÆГÆЛОН КÆМÆН ÆНЦÆ, ЕТÆ КАРЗÆЙ ÆФХУÆРД ЦÆУДЗÆНÆНЦÆ!..

Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО евгъуд къуæрей дæргъи цалдæр косæг фембæлди исаразта. Етæ ‘рцудæнцæ банки къабази структурити, федералон æма бунæттон базарадон хизæгти, фармацевтикон æма транспортон компанити минæвæртти хæццæ. Уонæми лæмбунæг дзубанди цудæй, нигулæйнаг бæститæ Уæрæсей нихмæ экономикон нихмæлæуди мадзæлттæ ке аразунцæ, уой фудæй исæвзурæг уавæрти кусти фæткитæбæл.

Республики Сæргълæууæг, зæгъæн, банкти минæвæртти æргом раздахта финансон структурити архайд цæмæй хузæнон уа, уой туххæй æнæмæнгæ ци исаразун гъæуй, еци фарстатæмæ. Куд загъта, уотемæй нецихузи ес æруадзæн, раздæр лæвæрд банкон кредиттæн сæ процентон миздæвæрд бæрзонддæргонд æрцæуа, уомæн. Уомæй уæлдай, æ гъудимæ гæсгæ, банктæ гъæуама парахатдæрæй испайда кæнонцæ, паддзахадæ син уæлæнхасæнæн ци финансон зæрдæдарæнтæ дех кæнуй, уонæй.

Базарадон æма фармацевтикон компанитæ æма хизæгти минæвæрттæн ба Сергей Меняйло бафæдзахста, цæмæй хуаллаг, æндæр товартæ æма хуасти æргъти æнæбундор ирæзтæн фадуат ма дæттонцæ, продукций кадавардзийнадæн æнæбундор рæуæнттæ ма агоронцæ. Зундгонд куд æй, уотемæй фæстаг дууæ анзей дæргъи æ тухи æй социалон æгъдауæй ахсгиагдæр продуктти æргътæбæл тæккæ минкъийдæр базарадон æфтауæн æвæруни туххæй бадзурд. Республики разамонæг еугур базаргæнæг компанити минæвæрттæн байхæс кодта, цæмæй еци бадзурди фæткæбæл косонцæ. Уой фæдбæл дзоргæй, сæрмагондæй монополити нихмæ архайди федералон служби Регионалон управлени æма Прокуратури разамундæн байхæс кодта, цæмæй еудадзуг дæр сæ цæстæ даронцæ базаради æргътæ æвæруни фæткæмæ. Æ дзубандимæ гæсгæ, фиццагидæр æргом гъæуама ‘здæхт цæуа хуаллаги сæйрагдæр продукттæ æма хуасти æргътæмæ. Цæстдарæг ведомствитæй уæлдай ма базаргæнæг организацити архайдмæ цæстдард цæудзæнæй Еугуруæрæсеуон адæмон фронти минæвæртти ‘рдигæй дæр.

Уой фæдбæл Сергей Меняйло куд загъта, уотемæй еугур контролон-цæстдарæн мадзæлтти бæрæггæнæнтæмæ дæр лæмбунæг æхуæдæг кæсдзæнæй:

– Рагацау æй зæгъун – федаргонд бадзурдтитæмæ уæлæнгай цæстæй ка ракæса, еци компанитæ æма ведомстви разамонгутæ æфхуæрд цæудзæнæнцæ. Нуртæкки уавæрти еугур мадзæлттæ дæр исаразун гъæуй, цæмæй социалон æгъдауæй ахсгиагдæр хуаллаг æма æндæр товартæбæл базарадон æфтауæнтæ уонцæ тæккæ минкъийдæр, уæдта продукций кадавардзийнадæ дæр æруадзæн нæййес. Баруагæс уи уæд, уавæр къæпхæнгай фæррæстмæ уодзæнæй. Уомæн федералон Хецауадæ еугур фадуæттæ дæр аразуй. Базаргæнæг организацити махæй ци агъаз багъæуа, уой син нæ бавгъау кæндзинан. Æма си корæг дæн, цæмæй республики цæргути тухстдзийнæдтæ лæдæронцæ. Айдагъдæр еумæйаг хъауритæй рахездзинан еугур зиндзийнæдти сæрти дæр.

Æнæ цæстдард нæ уодзæнæнцæ бæлццæнттæласæн транспорти лæггæдти тарифтæ дæр. Уой фæдбæл Сергей Меняйло транспортон компанити минæвæрттæн балæдæрун кодта:

– Исæвзургæ уавæрти æхсæнадон транспорти лæггæдти æргътæн фулдæргæнæн нæййес, алли бæлццонæн дæр гъæуама фадуат уа æнæкъулумпийæй æ надбæл цæун. Æргътæбæл бафтауни фæлтæрæнтæн нихкъуæрд лæвæрд цæудзæнæй. Корæг уи дæн, цæмæй аци дзубандитæмæ лæмбунæг уе ‘ргом раздахайтæ.

***Республикæ Цæгат Иристон-Алани Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ***

# НÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ ÆЙ ТЕРРОРИСТОН ФÆЗЗИНДТИТÆЙ ÆДАС УН

**Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло си разамунд лæвардта, уотемæй арæзт æрцудæй террористон фæззиндтитæ ма ‘руадзуни фарстати фæдбæл республикон къамиси радон æмбурд. Дзубанди си цудæй спортивон объекттæ æма дини организацитæ террористон фæззиндтитæй куд гъæуайгонд цæунцæ, уæдта ахурадон косæндæнтти амунд фарстати фæдбæл ци профилактикон мадзæлттæ арæзт цæунцæ, уобæл.**




Уой фæдбæл нæ республики национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министр **Бæгъиати Алан** æ радзубандий куд фегъосун кодта, уотемæй аци фарстай фæдбæл паддзахадон ведомствитæ æма дини организацитæ æргом æмархайд кæнунцæ. Нуртæккæ республики дини организацити бæрни ес 57 аллихузон объекти. Еци бæстихæйтти уавæрмæ контролгæнæг оргæнти ‘рдигæй ес лæмбунæг цæстдард.

– Æ рæстæги бæрæггæнæг ведомствити сæрмагонд къуæрттæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй уæлдæр амунд объектти уавæр лæмбунæг рартасонцæ æма террористон фæззиндтитæй ædaсдзийнади фæдбæл алли объекти хецауæн дæр бæлвурд амунддзийнæдтæ раттонцæ. Фал куд рабæрæг æй, уотемæй нисангонд амунддзийнæдтæ алли рауæн афойнадæбæл кæронмæ æнхæстгонд не 'рцудæнцæ. Сергей Меняйло цæстдарæг ведомствитæ æма дини организацити разамонгутæн байихæс кодта, цæмæй хæстæгдæр дууæ мæйей æмгъудмæ дини еугур организацитæн дæр арæзт æрцæуонцæ ædaсдзийнади паспорттæ.

Нæ республики физикон культурæ æма спорти министр **Коцти Сослан** æмбурди куд фегъосун кодта, уотемæй абони уæнгæ ædaсдзийнади паспорттæ исаразтонцæ 30 спортивон объектемæн. Идарддæр куст цæуй иннети техникон уавæр рартасун æма террористон фæззиндтитæй ædaсдзийнади паспорттæ исаразунбæл. Фæстаг рæстæг зингæ фулдæр æргом здæхт цæуй амунд объекттæ ædaсдзийнади сæрмагонд инженерон-техникон фæрæзнитæй ефтонг кæнуни гъуддагмæ – никкидæр ма авд спортивон объектеми æвæрд æрцудæнцæ видеоцæстдарди системитæ. Архайд цæудзæнæй, цæмæй иннæ объекттеми дæр косун райдайуонцæ уæхæн системитæ.

Террористон фæззиндтитæ ма ‘руадзуни нисани хæццæ ахурадон косæндæнтти ци профилактикон архайд цæуй, уой туххæй лæмбунæг радзурдта ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ**. Министри дзубандимæ гæсгæ, еугур профилактикон мадзæлттæ дæр æнхæстгонд цæунцæ сæрмагонд пълани бундорбæл, уой хæццæ, ведомствæ æнгом æмархайд кæнуй иннæ профилон структурити хæццæ дæр.

## ХАБАРÆЙ ХАБАРМÆ ИРÆЗУЙ ЦАРД!..

Уæллагири æма Дигори кæмттæ ка исеу кæндзæнæй, уæхæн газуадзæн арæзт æрцæудзæнæй 2025 анзи уæнгæ. Уой фæрци æрдзон газæй пайда кæнуни равгæ фæуууодзæнæй аци кæмтти нæудæс гъæуеми цæргутæн.

***

Коронавирусæй сæйгæ адæмæн ка агъаз кæнуй, еци социалон косæндæнтти специалисттæн уæлæнхасæн мизд федунæн хæстæгдæр рæстæги дехгонд æрцæудзæнæй еу миллиард сомей бæрцæ. Уой туххæй сæрмагонд хецауадон унаффæ бафинста Уæрæсей Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин.

***

Цæгат Иристони гъæууонхæдзарадон продукци уадзгутæн зæрдæмæдзæугæдæр фадуæттæ исаразунмæ гæсгæ кредиттæ раттуни туххæй Уæрæсей Хецауади фæстауæрци фондæй нæ республикæн лæвæрд æрцудæй 34 миллион соми. Кредитон организацитæн сæ дæттунцæ субсидити хузи.

***

Донбасси цæргутæн æма, уоми се ‘фсæддон ихæс ка æнхæст кæнуй, еци уæрæсейаг æфсæддонтæн Ольгинскийи гъæуи цæргутæ рарвистонцæ гуманитарон агъаз: аллихузон хуæлцæ, хегъудгæнæн дзаумæутти хæццæ ма нæхердигон къеретæ æма бæгæни.

***

Цæгат Иристони хуæнхон-металлургон институт æма Донецки национ техникон университети минæвæрттæ бафинстонцæ æмгустади фæдбæл бадзурд.

***

Социалон пенсити бæрцæбæл аци анзи 1 апърелæй фæстæмæ бафтуйдзæнæй 2,8 проценти. Уой туххæй фегъосун кодта Уæрæсей Пенсион фонди пресс-службæ.

***

Евгъуд сабати Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй нæ республики хехъæппæресадон театралон коллективти æркаст «Амирани рохс». Арæзт æрцудæй æхсæзæймаг хатт, архайдтонцæ си Цæгат æма Хонсари ахурадон æма културон учреждениti минæвæрттæ – мин адæймаги, авд анземæй ба дæс æма инсæйей уæнгæ кари.

***

Аланибæл исаргъуди 1100 анзей кадæн бæрæгбони размæ ци почти маркæ уагъд æрцудæй, уой презентаци æрæги исаразтонцæ Дзæуæгигъæуи сæйраг почтамти. Фæлгонцгонд æй номдзуд скульптор Едзити Сослæнбеги арæзт скульптурæ «Гъенцъунгæнæг изæд»-æй.




**Советон Цæдеси Бæгъатæр Доййати Тебой фурт Давиди райгурдбæл апърели æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1912-1943). Æ ном хæссунцæ сахар Керчи астæуккаг скъола, гъæунгтæ Дзæуæгигъæуи æма æ райгурæн гъæу Гизæли.**

# НÆ КÆСТÆРТИ ЕУМÆЙАГÆЙ БАГЪÆУАЙ КÆНÆН ФУДДЗИЙНАДÆЙ!..



ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** ин разамунд лæвардта, уотемæй æрæги адтæй наркотикти æнæзакъон зелдохи нихмæ архайди республикон къамиси æмбурд.

Къамиси разамонæг **Луизæ Лебедева** æ радзубандий куд байамудта, уотемæй нæ республики наркотикти æнæзакъон зелдохи уавæр рабæрæн ес 2020 анзи хæццæ, æма нерæнгæ ‘й ваззугин. Уой хæццæ ба ма куд загъта, уотемæй айдагъдæр Дигори, Ирæфи, Кирови æма Рахесфарси районти уавæр æй рæвдзæдæр. Куд ма фегъосун кодта, уотемæй фарæ «наркомаций» диагнози хæццæ сæйгæдæнтти фиццаг хатт исæвардтонцæ 50 адæймаги (2020 анзи – 48), наркотикон бауæргъæдтæй пайда кæнуни тæссагдзийнади хæццæ ба – 116 адæймаги (2020 анзи – 176). Фиццаг хатт бæрæггонд ка ‘рцудæй, уони статистикæ сагъæссаг æй, фал сæйгитæ æртаст ке цæунцæ æма сæ дзæбæх кæнунмæ æрвист ке цæунцæ, е хуарз æй.

Наркотикти гъæстæ ка фæууй, уони регистраци искæнуни гъуддаг бустæги хуарз нæй. Фарæ адтæнцæ 32 адæймаги, уомæй раздæр – 91, е дзорæг æй æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади медгъуддæгути министрадти æма «Роспотребнадзор»-и регионалон управлений лæмæгъ бастдзийнæдтæбæл. Цæмæй гъуддаг бахузæнон уа, уой туххæй гъæуама алцæмæн дæр аргъгонд цæуа уавæрмæ гæсгæ. Наркотик гъæстæ цаутæ цæмæй сосæггонд ма цæуонцæ, уой туххæй исфæндæ кодтонцæ къамиси косæг къуар исаразун.

Ирæзгæ фæлтæрти æма æвзонг адæми наркотиктæй бахезуни, фæсурокти сæ аллихузон гъуддæгутæмæ раздахуни, сувæллæнтти, фæсевæди æхсæнадон архайди туххæй радзурдта ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ**. Æ дзубандимæ гæсгæ, ахурадон косæндæнтти наркотиктæй пайда кæнуни нихмæ фарæ искодтонцæ 40 мин аллихузон мадзали. Сувæллæнттæн физкультури архайуни мадзæлттæ арæзт фулдæр ку цæуиуонцæ, уæд е дæр хуарзæрдæмæ фæббæрæг уидæ. Нуртæккæ скъолати исаразтонцæ футболон еугонд командитæ, етæ – Сергей Меняйлой фæрци.

Республики Сæргълæууæги гъудимæ гæсгæ, нæ фæсевæди гъæуй спортмæ раздахун, футболи еугонд командитæй уæлдай ма гъæуама искæнæн волейболи æма баскетболи секцитæ. Зинæй си неци ес, спортивон фæзтæ нæмæ фагæ ес, айдагъдæр фарстатæбæл архайун гъæуй.

Республики медгъуддæгути министради наркотикти зелдохмæ цæстдарди управлений хецау **Хинцæгти Нодар** куд радзурдта, уотемæй оперативон-профилон операци «МАК» цæуй ведомствити ‘хсæн æмгустади фæрци. Фарæ æнæзакъон зелдохæй исистонцæ æрдзон наркотикти 32,5 килограмми. Тæссаг зайæгойтæ æнæзакъонæй кæми ирæзунцæ, уæхæн 66 бунати рабæрæг кодтонцæ операций рæстæг æма сæ бундзарæй фесафтонцæ. Еци зайæгойтæ искунæг кæнуни гъуддаг ка гъæуама араза, еци бæрнон адæймæгутæмæ управлений косгутæ рарвистонцæ 52 амунддзийнади. Уой хæццæ ба уой дæр зæгъун гъæуй, æма кæмидæрти бунæттон хеунаффæйади администрацитæ афойнадæбæл нæ байархайунцæ тæссаг зайæгойтæ исафунмæ.

Наркомани не 'хсæнадæн ци фидбилиз хæссуй, е еугуремæн дæр лæдæрд æй. Фал нæ дзилли фулдæр хай цæмæдæр гæсгæ цийфæнди цæстингасæй кæсуй, еци тæссаг фæззинд ма нерæнгæ цæйбæрцæбæл парахат æй, уомæ. Мæн бийнонтæмæ е неци барæ даруй, зæгъгæ, ка æнгъæлуй, етæ хъæбæр рæдуйунцæ, уомæн æма дæ рæбун наркомантæ ку рабурæ-бабурæ кæнонцæ, уæд дин дæ бийнонтæн неци фидбилиз исараздзæнæнцæ? Æгæрдæр ма исараздзæнæнцæ!.. Æма уæд е ке фудæй уодзæнæй? Нæхе цийфæндидзийнади фудæй!.. Уомæ гæсгæ нæ еугурей дæр æнгомæй федар нихкъуæрд дæттун гъæуй, еци знаггадæ ке къохтæй цæуй, уонæн – наркотиктæ ка парахат кæнуй нæ цæрæн рауæнти, уонæн дæр æма си ка пайда кæнуй, уонæн дæр: фиццæгтæ гъæуама карз æфхуæрд цæуонцæ нæ паддзахади закъонтæмæ гæсгæ, дуккæгтæ ба сæйгæ 'нцæ æма сæ сосæг кæнун нæ, фал, ци гæнæн æма амал ес, уомæй дзæбæх кæнун, цалинмæ бустæги нæма бабун æнцæ, уæдмæ. Гъæуама еумæйагæй багъæуай кæнæн нæ кæстæрти фуддзийнадæй. Етæ дæр еске нæ 'нцæ, етæ нæ адæми исонибони кæстæртæ 'нцæ, æма син сæ карнæбæл абони ку нæ батухсæн, уæд нин циуавæр исонибон уодзæнæй?..

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Еу лæхъуæн, æ ном Елеур, сæумæй катай кодта æзини фурниуæзти фæсте æхе кутемæй радзæбæх кæна. Уæдмæ дин æ размæ фæцæй æ зонгæ лæг Сидæ. Æма ин уотæ ку загъта, цæуæн фæйнæ баниуазæн, уæд хъæбæр бацийнæ кодта.*

*Сидæ ‘й сæхемæ бахудта æма ин зæгъуй:*

*– Æцæг бал нартихуар тугурмæ исесæн.*

*Исистонцæ ‘й, мадта.*

*– Картоф дæр пъадвалмæ ниййесæн, – дзоруй бабæй Сидæ.*

*Картоф дæр исæмбæлун кодтонцæ æ бунатбæл.*

*– Гъæйдæ, уартæ донуадзæн хæтæл дæр…*

*Елеур æнхæст дзорун дæр Сиди нæбал бауагъта, уотемæй фæтътъæлланг кодта:*

*– Сидæ, æз нæбал ниуазун!..*

*Æма тургъæй уайтæккæ фендæдуар æй…*

Еци тухст лæхъуæни цау, цума Уæрæсей хумæтæг адæмбæл дæр фæстаг рæстæгути æркодта, уотæ уæмæ нæ кæсуй? Адæймаг цæргæ-цæрæнбонти фæхъхъиамæт кæнуй паддзахади хуарзæн, е дæр мин ести хуæрзтæ фæууодзæнæй, зæгъгæ, уой зæрдтæй. Фал… Æ фæллойнæн ин фæффедуй марамæлай бæрцæ мизд, гъе уотемæй фæккосуй пенсий уæнгæ. Æма пенси дæр цанæбæрæг иснисан кæнунцæ – бæрцæй нецæй фагæ... Е нæ, фал ма пенсий рацæуни карæ дæр бæрзонддæр конд æрцудæй. Æма раздæри фæткæмæ гæсгæ пенсий рацæуйнаг ка адтæй æма мæ мизд мин пенсий хæццæ уæддæр естæй фагæ уодзæнæй, зæгъгæ, ка бæлдтæй, етæ фæффудевгед æнцæ – цалдæргай æнзтæ райдарддæр æй сæ бæлдæ… Фал нæ адæм бухсагæ ‘нцæ, æма нæ зæрдæ уæддæр дарæн, нури нæхъæртондзийнæдтæ рæстæгмæ ке ‘нцæ, уа нæ уа, уæддæр уавæртæ фæррæвдзæдæр уодзæнæнцæ.



**Николай ТИЩЕНКО, Украини Сæйраг Ради депутат: «Æз генетикон уавæрæй украинаг дæн. Еугурей дæр бæрæг кæнун ахсгиаг хуæлцадон фæткæй: кæд сало нæ хуæрис, уæд украинаг нæ дæ...»**

Украинаг «патриоттæ» сæ нацистон фудзундæй цитæ ба не ‘ргъуди кæнунцæ! Сæ бæсти адæмæн хумæтæг царди хумæтæг мадзæлттæ аразуни бæсти син сæ хъури сæ сало цæвунцæ. Уомæй ба нæ тæрсунцæ, æма хецмæрез мути фудæй син тагъд ба сало дæр нæбал уодзæнæй, æма уæдта ма ци исхуæрдзæнæнцæ?..



**Геннадий ЗЮГАНОВ, Уæрæсей Компартий раздзæуæг: «Нуртæккæ Уæрæсей хуарз цæрунцæ айдагъдæр æхца æфстау дæтгутæ æма табæттæ арæзгутæ…»**

Уой дæр еци дууæ гъуддаги еци-еу адæймæгути къохи фæуунцæ, æма, адæм федуни равгитæй бундор кадавар ке кæнунцæ, уомæ гæсгæ етæ, æвæдзи, æргъуди кæндзæнæнцæ нæуæг акци – цæмæй табæттæ лæвæрд цæуонцæ бæтгæй…



**Кристинæ ЛАМБРЕХТ, Германий паддзахадон архайæг: «Агресси исаразгутæ гъæуама сæхебæл бавзаронцæ æ фæстеугутæ, зæгъæн, Елисейаг фæзуæттæмæ хе ерхæфсунмæ цæунмæ син равгитæ куд нæбал уа…»**

Æнæ Парижæй, æнæ уой Елисейаг фæзуæтти хеерхæфсæнтæй нæбæл, æвæдзи, неци ‘рцæудзæнæй. Фал Европи кæцидæр паддзахæдтæ нуриуæнгæ Уæрæсейæй сæ цардиуаги æнæмæнгæ гъæугæдзийнæдтæй ци истонцæ, етæ син ку нæбал уонцæ, уæд æй балæдæрдзæнæнцæ, цæйбæрцæбæл раст æй загъд: «Фудмиуæ аразæг, уомæй, фиццагидæр æхуæдæг еуруй фидбилиз!..»

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## ИСОНИБОНИ ХУАРЗМÆ БÆЛЛУН – УОДÆНЦОЙНÆ...

***Исонибонмæ дæмæ ести нисантæ ес, зæгъгæ, Уæрæсей наукити академий æма дзиллон гъудикæнуйнадæ бæлвурдгæнæн Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ уæрæсейæгтæй ке бафарстонцæ, уонæн сæ фулдæр куд загътонцæ, уотемæй сæмæ берæрæстæгон нисантæ нæййес. Ахургæндти гъудимæ гæсгæ нисан кæнуни дæргъвæтиндзийнадæ ке фæццубуртæ ‘й, е æй пандемийи социалон-психологон фæстеугути фудæй. Психологтæ куд зæгъунцæ, уотемæй адæм идард рæстæгмæ сæ царди гъуддæгути фæдбæл ке неци нисан кæнунцæ, сæ еци зæрдиуагæбæл фæббæрæг æй цийфæндидзийнадæ, уæдта дуйне æма æхсæнадæбæл æнæуууæнкæдзийнадæ.***

**31% –**
**НЕЦИ НИСАНТÆ АРАЗУН, ЦÆРУН АБОНИ БОНÆЙ**

**21% –**
**АРАЗУН НИСАНТÆ, ÆЦÆГ ЦАЛДÆР АНЗЕМÆН**

**3% –**
**БÆЛВУРДÆЙ ЕСТИ ЗÆГЪУН МÆ БОН НÆЙ**

**17% –**
**НЕЦИ НИСАНТÆ АРАЗУН, УОМÆН ÆМА УАВÆР НÆ БÆСТИ ЕУГÆНДЗОН НÆЙ**

**28% –**
**АРАЗУН НИСАНТÆ, ÆЦÆГ ЦАЛДÆР МÆЙЕМÆН**

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Шилов Сергей Андрейи фурти райгурдбæл 1 апърели æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1922-1979). Фæстугъд цардæй Дзæуæгигъæуи, куста Цæгат Кавкази хуæнхон-металлургон институти æфсæддон кафедри.**

*Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Цæгат Иристони адæмон поэт ХЪАЙТУХЪТИ Геор финста: «Зин, хъæбæр зин æй тугъдон имисуйнæгтæ дзорун... Фал син æнæдзоргæ нæййес – уадзæ æма ирæзгæ фæлтæртæ зононцæ тугъди æверхъау фæстеугутæ, уадзæ æма еу кæнонцæ сæ тухтæ сау тугъди нихмæ тохи...»*



КАЛОТИ Александр

# ÆМА КУ БАГЪУДÆЙ ЦАРД ИСНИВОНД КÆНУН...



**ЦГЪОЙТИ Хазби,**
финсæг, журналист

АЛЛИКЪУÆРЕУОН газет «Аргументы и факты» æ номертæй еуеми, Устур Фидибæстон тугъди удуæлдай бæгъатæрдзийнадæ ка равдиста, еци æдзард тугъдонти туххæй новосибирскаг Н. Золотареви фарстæн дзуапп дæттæй финста: «Абони уæнгæ бал зундгонд æнцæ, æ реуæй знаги амбразуритæ ка нихгæдта, уонæй 400 фулдæрей нæмттæ… 500 тæхæги сæ содзгæ хуæдтæхгутæ исаразтонцæ знаги æфсади, танкити, автомобилти колоннитæмæ, 607 тугъдон тæхæги уæлдæфон тохти фæммард æнцæ знаги хуæдтæхгутæ искъуæргæй. Уацари бахауни бæсти знæгти хæццæ сæхебæл ихæлæн æрмæг исрæмодзун кодтонцæ 800 бæгъатæри. Нæ тугъдонтæй беретæ гранатти бæстити хæццæ сæхе гæлстонцæ танкити бунмæ, тохæг знаги æхст 'здахтонцæ сæхе 'рдæмæ.

Зæгъæн еци бæгъатæртæй цалдæрей нæмттæ: Мæскуй облæстæй Александр Киров, Полтави облæстæй Петр Самойленко, Цæгат Иристонæй – Калоти Александр сæ реутæй исæхгæдтонцæ знаги дзотти амбразуритæ. Гитлеронти хæццæ сæхебæл гранаттæ фехалун кодтонцæ Калуги облæстæй Василий Петров, Мæскуй облæстæй Федор Сафонов æма æндæртæ.

Ранимад бæгъатæртæй еу æй ирон. Е, ке зæгъун æй гъæуй, сæрустурдзийнади æнкъарæнтæ æвзурун кæнуй алли иронмæ дæр.

Калоти Александри фурт Александр райгурдæй æма е 'взонги бонтæ рарвиста Стъараполи крайи Хетæгкати Къостай гъæуи. Æригонæй банкъардта царди уæзæ, фал ин тугъди размæ адæми разæнгарддзийнадæ фæллойнæмæ, еумæйаг гъуддæгутæмæ æ нифс нæ саста. Ку рагъомбæл æй, уæд косунмæ бацудæй дорæфтауæн карьермæ. Зиндæр кустæн иссерæн нæ адтæй, фал си æхсистæй æ хъаурæ, æ удигъæдæ. Æ хуарз кусти туххæй ахид финста газет «Сурх Хъæрæсе».

Уой фæсте адтæй шахтер Хъæрæсей хуæнхти. Ами ин фадуат фæцæй спортæй архайунæн. Осовиахимти къуари тугъдон гъуддаг ахур кæнгæй, адтæй раззагдæртæй. Адтæй фæразон, æвзугъд, рæстдзæвийнæ, идард æхста гранаттæ. Æма ин лæвæрд æрцудæй реубæлдаргæ нисан «Ворошиловский стрелок».

Еугур еци арæхстдзийнадтæ 'й хъæбæр багъудæнцæ тохи будури.

Александр тугъдмæ дæр рандæй фиццæгти хæццæ, фæстæмæ тагъд æрæздæхуни устур нифси хæццæ. Уæдмæ æ нийийергутæ Цæгат Иристонмæ æрбалигъдæнцæ. Æма сæмæ ардæмæ финста: «Тагъд нæ Райгурæн бæстæ фашисттæй ракæдзос кæндзинан, æма уæмæ Берлинæй ниффинсдзинан финстæг». Фал фæссайдта æ нийийергути æма æхе дæр. Хъисмæт разиндтæй æгъатир Калой-фуртмæ – Уæлахези цийнæ банкъарунæн ин фадуат нæ равардта. Æ зинг рахустæй Хъиримми зæнхæ знагæй уæгъдæ кæнгæй.

1943 анзи фæззæги не 'фсæдтæн фашистти хæццæ карз тох байеудагъ æй Хъирими зæнхæбæл. Знаг федар ницæфстæй, нæ Райгурæн бæстæй æ къохи ци гъæутæ æма сахартæ бафтудæй, уонæбæл, сирдау си æ дзæмбутæ ниссагъта, ратонун нæ кумдта. Æ фæссорунæн гъудæй хъаурæ æма æхсарæ. Фиццаг ноябри æхсæвæ 36-аг бæхгин полкки æфсад æма 19-аг танкити корпуси танкисттæ æнæнгъæлæги нимпурсти фæрци тагъд рахизтæнцæ Перекопбæл æма бахъæрттæнцæ сахар Армянскмæ бацæуæнмæ. Уæдмæ знаг æ хъауритæ æрæмбурд кодта æма цæттæ адтæй не 'фсæддонти размæмпурст бауорамунмæ, нихкъæрд раттунмæ. Махуæнттæн размæ идард рампурсун сæ къохи не бафтудæй, уомæ гæсгæ куддæр хебарæй райзадæнцæ. Сæ рази, сæ фæрсти – немуцæгтæ. Размæ æмпурсунæн нæ, фал тæссаг адтæй æртухсти бахаунæй. Фашисттæ фæппайда кодтонцæ уавæрæй. Æхст исамадтонцæ сахар Армянскæй, бомбитæ калдтонцæ хуæдтæхгутæй. Нимпурстмæ сæхе ке цæттæ кæнунцæ, е бæрæг адтæй. Гъудæй фæстæмæ цæун, цалинмæ æртухсти цæг не 'рбахгæдта, уæдмæ. Фал къохи нæбал бафтудæй. Знаг æрфедар æй Перекопи, фæстæмæ цæуæн надбæл. Хуæздæр бæнттæмæ æнгъæлмæ кæсæн нæбал адтæй. Бæхгин æфсæддонтæ æма танкистæ исфæндæ кодтонцæ æртухсти цæг ратонун. Е ба æнцон гъуддаг нæ адтæй. Мæлæтхæссæг знаги нæмуг ехуарæгау кодта.

Сæ надбæл уæлдай устурдæр цæлхдортæ адтæй бæхгинтæн. Игон арви бунмæ син фидбилиз ракæнун æнцондæр адтæй. Уомæ гæсгæ зинтæй цудæнцæ фæстæмæ. Александр мæлæт кæми исирдта, еци æнамонд бунати дæр знаг цæттæй æнгъæлмæ кастæй нæ бæхгинтæмæ. Уой бафеппайгæй, раздæр рарвистонцæ сгаргутæ лейтенант Руденко, рæнгъонтæ Сидоров, Голубь, Топилин æма Калой-фурти. Сосæггай, ауæнтти кæми сæ уæргутæбæл цæугæй, кæми фæзæбæл бургæй, бахъæрттæнцæ Перекопи бæрзондмæ æма искунæг кодтонцæ, ка си æрбунат кодта, еци фашистти. Фал дзотмæ, гранат ибæл фехсуни бæрцæ идæрддзæфмæ бацæуæн фадут нæ адтæй. Пулемет нæмгутæ ехуарæгау кодта.

Сгаргутæ алли рауæнти нихъхъæнттæ 'нцæ зæнхæбæл æма сагъæстæ кодтонцæ, ци хузи 'й ниссабур киндæуа. Е къохи ку нæ бафтуйа, уæд цæйбæрцæ фæхххаудзæнæй нæ полккæй... Æвеппайди тугъдонтæ рауидтонцæ, се 'мбæлттæй кадæр æхе фæлевгæй дзоти 'рдæмæ ке исгæлста, уой. Е адтæй Калоти нифсхаст лæхъуæн.

Знаг бафеппайдта Калой-фурти. Æхст исамадта уой æрдæмæ, фал ин уæдмæ бантæстæй гранатти баст фехсун. Нæ бахаудтæй. Еци рæмугъд еу усмæ фæгъгъос кодта пулемети æхст. Еци рæстæг Александр фæггæпп кодта, размæ ралигъдæй, æвæдзи, дзоти къилдунмæ байервæзун адтæй æ фæндæ æма пулеметтæйæхсæг знæгти сæ никкæнди ниццæгъдун. Æвеппайди раккиудтæй, фал не 'рхаудтæй. Еу, фæстаг гæлст ма ракодта æхе размæ, дзоти мæлæтхæссæг цъухмæ æма ибæл бахаудтæй. Сгаргутæ еци-еуæй æмпурстонцæ размæ, се 'мбали тог есунмæ æма байстонцæ дзот.

Фæммард æй, æ бæгъатæрдзийнадæ æнæгъæнæ Цæдесбæл кæмæн райгъустæй, æ мæлæтæй дæр Иристонæн кадæ ка искодта, е – Калоти Александр. Райгурæн бæсти сæребарæдзийнади сæрбæлтау, адæми амондбæл тохи. Æ удæй фулдæр ци Фидибæстæ уарзта, уой сæрбæлтау нæ бавгъау кодта æ цард. Уæд ибæл цудæй æдеугурæй 25 анзи, æма 'й бавдистонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном ин раттунмæ.

Æфсæддон газет «Казак-гвардеец» Калой-фурти тухæй уотæ финста: «Карз тугъд нурма нур фæцæй. Нурма бæрæг дарунцæ хъуæцæкалæг тугъди фæдтæ. Фахсбæл бæрзондæй зиннуй дзот. Ами адтæнцæ немуцаг фашисттæ. Амбразурæбæл зиннунцæ, ка ниссор æй, уæхæн тоги фæдтæ. Е æй фæскомцæдесон-автоматæйæхсæг Калоти Александри тог. Ами 'й никкалдта, агъазиау бæгъатæрдзийнадæ равдесгæй». Æ тугъдон æмбæлттæ ибæл искодтонцæ кадæгæнæг зар. Фæстæдæр ин исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном.

Республики бæстæзонæн музеи Калоти Александри тухæй сæрмагонд папкæ нæййес. Цæрун ин берæ нæ бантæстæй, æ амонд тугъди будури басугъдæй хуæрзæригонæй. Кæми, уæдта куд фæммард æй, уой дзæвгаре рæстæг æ бийнонтæ дæр нæ зудтонцæ. Айдагъдæр исбæрæг æй Симферополи 18-аг астæуккаг скъолай Сурх фæдагоргути фæрци, сæ разамонæг Л.М. Ишина. Етæ иссирдтонцæ бæгъатæри ингæн, уæдта ин байагурдтонцæ æ бийнонти дæр. Уони фæрци бастдзийнадтæ рапарахат æнцæ республики бæстæзонæн музеи раздæри директор Лазарти Хæсанæ æма Александри хуæрæ Зарети хæццæ. Æдзард тугъдони хуæри финстæгутæ е 'нсувæри тухæй æма цалдæр къари ес музеи еумæйаг папки. Къартæ ист æнцæ сахар Армянски. Сæ еуеми бæгъатæри мадæ зæронд Аминæт рартасун нæбал комуй æ хъæболи ингæнæй. «Хæрдмæ ибæл исхуæцæ-исхуæцæ кæнуй, фурт кæмæй загъта, е – абхазаг Ю.Г. Когония», – финст ес къари къилдунбæл. Иннæ къари – Аминæт сахар Армянски дуккаг скъолай ахурдзау Сергей Марушани хæццæ. Æвзонг сомехаг биццеу æхемæ райста зæронд уоси фурти ингæмæ зелуни ихæс. Уой тухæй имæ хъæболи зæрдæ дардта Аминæт, æма æ хæццæ исиста æ къари. Не 'ронх кæнунцæ Калоти Александри, æ тугъдон æмбæлттæй ма æгас ка 'й, етæ. Алли анз дæр 9 майи – Уæлахези бони æрæмбурд унцæ Перекопи зæнхæй арæзт горенгонди рази, не 'мзæнхон æ реуæй амбразурæ кæми нихгæдта, уоми. Æримисунцæ Калой-фурти æма иннæ æдзард тугъдонти нæмттæ. Къартæй еуеми дæлболкъон С.Т. Черкурдта, капитан И.Я. Бойко æма иннетæ хъазахъаг уæледарæси. Къарæ ист æрцудæй Уæлахези бони сахар Армянски.

Калой-фуртæн æ номбæл гъæунгæ ес æ райгурæн Хетæгкати Къостай гъæуи. Хъирими Красноперекопи районы Суворови гъæуи, сахар Симферополи, æ бюст ес сахар Черкесски Уæлахези парки Бæгъатæрти Аллейи. Æ ном хаста Абхази АССР-и Меркулай гъæуи фиццаг скъолай нæуæгдзаути дружинæ. Ардæмæ æрбалигъдæнцæ æ бийнонтæ. Æ хуæрæ Заретæ лæгмæ æрцудæй абхазаг лæхъуæн Хаджибаймæ. Ардæмæ сæмæ бæсти алли рауæнтæй цæунцæ финстæгутæ. Заретæ куста Очамчири маргъдарæн фабрики. Ю.Г. Когоня ба си адтæй директор. Æнсувæри ихæс федгæй, е æмцег кодта бæгъатæри номхæсæг нæуæгдзаути дружинæбæл, фабрики коллективæн ахид уидæ фембæлдтитæ Калой-фурти тугъдон æмбæлтти хæццæ. Заретæ си финсуй еу фембæлди тухæй: «Уордæмæ Мæскуйæй æрхудтонцæ Александри æмполкон финсæг А. Русини. Е фабрики косгутæн лæмбунæг радзурдта бæгъатæри тугъдон нæдти, е 'хсардзийнади тухæй».

Калоти Александрæн æ фæммарди фæсте 1943 анзи Советон Цæдеси Бæгъатæри номи бæсти исаккаг кодтонцæ Фидибæсти тугъди I къæпхæни орден, фæстæдæр ба – Ленини орден, 1991 анзи ба – Советон Цæдеси Бæгъатæри ном дæр. Æ хуæрзеугутæ лæвæрд æрцудæнцæ Мæскуй Кремли æ хуæрæ Заретæн.

Бæгъатæртæ адæмæн нæ мæлунцæ. Уони намус син сæ удигъæдæ еудадзуг кæнуй кæдзосдæр. Адæми зæрди байзадæй Калоти Александри рохс ном дæр, бæттуй сæ кæрæдзебæл, разæнгард сæ кæнуй рæсугъддæр гъуддæгутæмæ, тугъди нихмæ тохмæ, лимæндзийнадæ парахат кæнунмæ.

*Номдзуд францусаг финсæг Жюль МИШЛЕ (1798-1874) финста: «Райгурæн бæстæ, æхсæни цард (æрдзи нихмæ сæ не 'вæрæн, уотемæй) – айдагъдæр етæ дæттунцæ адæми уоди фарнæн сæхе раргом кæнуни фадуат. Уоми 'нцæ наций цarди ратæдзæнтæ, сæребарæ ирæзти надбæл æй ка исаразуй, етæ...»*



# ТУГЪДИ ГЪЕЗÆМÆРТТÆН НИФФÆРАЗГÆЙ



УСТУР Фидибæстон тугъди æнзтæй, æвæдзи, 1942 анзæй уæззаудæр нæ адтæй. Немуцаг-фашистон æрдонгтæ еци æмпурсæги æмпурстонцæ нæ Райгурæн бæсти еугур рауæнтæмæ, дæрæн кодтонцæ нæ сахартæ æма гъæутæ. Æрбахъæрттæнцæ Цæгат Иристонмæ дæр. Цифуддæр знагæн бантæстæй нæ республики кæцидæр хай байахæссун.

Уæззау бæнттæ искодта Сурх-Дигори цæргутæбæл дæр. Уæди цаути туххæй Советон Цæдеси Маршæл Андрей Гречко (еци рæстæг е адтæй Хонсар фронти 18-аг æфсади командæгæнæг) æ имисуйнæгти куд финста, уотемæй аци гъæу къохæй-къохмæ ист æрцудæй авд хатти: уæд æй байахæссиуонцæ фашистон æрдонгтæ, уæдта бабæй æй исуæгъдæ кæнидæ Сурх Æфсад.

Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ, гъома, фудлæг æма фудбон берæ нæ хæссунцæ. Немуцаг тогмондаг куйтæ тард æрцудæнцæ Цæгат Иристони зæнхæй. Иссæребарæ 'й Сурх-Дигорæ дæр. Æма гъæубæсти багъудæй сæ царди хабæрттæ нæуæгæй аразун. Уогæ айдагъ сæхе цардарæзти гъуддæгутæбæл нæ адтæй сæ архайд – гадзирахаттæй нæмæ æрбалæборæг знагæй нæ Фидибæстæ æнæгъæнæй дæр исуæгъдæ кæнунбæл идарддæр ка тох кодта, нæ еци номдзуд Сурх Æфсадæн гъудæй агъаз кæнун: хуаллагæй дæр æма ма берæ цæмæйдæртæй. Уой сæрбæлтау ба сæ архайдæн сæйрагдæр нисанеуæг адтæй: «Алцидæр – фронтæн, алцидæр – Уæлахезæн!..»

Немуцаг лæгсирдтæ Цæгат Иристони зæнхæй тард ку 'рцудæнцæ, уæд гъæути цæргутæ æвæстеуатæй бавналдтонцæ сæ колхозтæ исцардгъон кæнунмæ. Зæгъунмæ е æнцон æй, фал знаги фудмиутæ син уоййасæбæл зæран æрхастонцæ, æма, еуемæй, хæдзарæдти равгитæ хъæбæр æгудзæг адтæнцæ, иннемæй ба косæг къохтæ дæр æгириддæр нæ фагæ кодта. Уæддæр æндæр гæнæн нæ адтæй уæди уæззау уавæрти, фронтæн агъаз кæнун гъудæй, æма Сурх Дигори колхози разамунд берæ раунаффæ-баунаффити фæсте ци бæлвурд мадзæлттæ иснисан кодтонцæ, уонæй еу адтæй: гъæуи æригæнттæй дууæ механизаторон бригади исаразун...

Еци фæсевæд уæди хъазауатон рæстæгути куд кустонцæ, уæдта фæстæдæр сæ карнæ куд рауадæй, уой фæдбæл се 'мгъæуккаг æхсæнадон уацхæссæг Секъинати Солтан дзубанди кодта уæди рæстæги æригон механизатор Габети Абисали хæццæ.

**– Абисал, нури æригон фæлтæртæ комкоммæ тугъди хабæрттæ, æвæдзи, хуæздæр зонунцæ, фал син, мæнмæ гæсгæ, уой дæр лæдæрун кæнун гъæуй, æма нæ Уæлахез нæ адæмæн бантæстæй фæскъилдуни фæллойнæгæнгути æхсæвæй-бонæй уодуæлдай архайди фæрци дæр. Гъе уомæ гæсгæ мæ фæндуй, цæмæй нæ кæстæртæ абони зононцæ, тугъди рæстæги се 'мгарæ ка адтæй, еци хуæрзæригон бицщеутæ – æндæр куд исхондзæнæ, тугъдмæ æрветуни кари дæр ка нæма адтæй, уони!.. – фронти знаги нихмæ тохгæнæг хестæрти ихæстæ сæхемæ райсгæй, разагъди лæгдзийнæдтæй куд æскъуæлхтæнцæ, уой.**

– Дæ хæццæ арази дæн... Еци рæстæг махбæл цудæй дууадæс-цуппæрдæсгай æнзтæ. Дæсемæй нæ рарвистонцæ райони центр Чиколамæ, тагъд-тагъдæй нæ райахур кодтонцæ трактор «ХТЗ»-бæл косунбæл. Уæди машинон-тракторон станцæбæл немуцаг хуæдтæхгутæ цалдæр хатти бомбитæ æркалдтонцæ, бустæги æй ниппурхæ кодтонцæ. Ке зæгъун æй гъæуй, уоми нин фадуат нæ адтæй ахур кæнунæн, æма уомæ гæсгæ нæ ахургæнæн бунат иссæй Гъуцъунати Османи хæдзарæ. Ахур ба нæ кодтонцæ арæхстгин механизатортæ Малхъарти Хасан æма Цæукъати Осмæн. Еузагъдæй, еу æма инсæй бонемæ ни рауадæй трактористтæ.

**– Абисал, æма уæд дæ хæццæ ма ка ахур кодта механизатори дæсниадæ райсунбæл?**

– Ку зæгъун, адтан цалдæр бицщеуи: Секъинати Мазан, Диготи Абисал, Малити Геуæрги, Будайти Баппай, Соскъити Гадзимæт, Миндзайти Таймораз æма Дзусти Денис. Ахури фæсте нин нæ еугуремæн дæр равардтонцæ ихæлд трактортæ. Фашисттæ сæ уоййасæбæл ниппурхæ кодтонцæ, æма цæмæй сæбæл косæн адтайдæ, уой туххæй сæ хъæбæр барæвдзитæ кæнун гъудæй. Æма хумæтæги нæ фæззæгъунцæ, адæймаг дан, мадзалæн конд æй, амæлттæ кодтан. Гъæуи нæмæ пурхæнттæй байзадæнцæ еу-æхсæрдæс немуцаг æма нæхе танкитæ. Уонæй æфтудтан, нæ трактортæн ка исбæзтайдæ, уæхæн еуæйеу хæйттæ, пайда си кодтан.

Фæллойнæ кодтан æхсæвæй-бонæй, нæ куст ба æнцонтæй нæ адтæй, уæлдай гъезæмарæ ба кодтан æхсæвигон хумæ кæнгæй. Трактортæй еунæгебæл дæр нæ адтæй цирæгътæ. Æма ами дæр бабæй æргъуди кодтан мадзал: хумæтæги фанарæй рохсгæнгæ ни кадæр трактори разæй цудæй, мах ба æ фæдбæл. Гъе уотемæй хумæ дæр æма похци дæр, тауни куститæ дæр кодтан.

Немуцаг-фашистон æрбалæборгутæн сæ фудмиутæй еу е адтæй, æма мах зæнхæй ледзгæй ма сæ фæсте ниууагътонцæ мæлæтхæссæг фидбилизтæ – гъæуи алфамбулайти исæвардтонцæ аллихузон минитæ. Гъæуи цæргутæй си кадæртæ бастъалдæнцæ... Мах дæр, трактортæбæл косгæй, куд нæ тарстайанæ уонæбæл исцурæвæрæ унæй – нæ уодтæ, куд фæззæгъунцæ, нæ къохти хастан, кæд æма куд фехæлдзæнæнцæ, уой ни неке зудта, еунæг уой лæдæрдтан, æма нæмæ мæлæт хумгонди алли гæппæлæй дæр комкоммæ кастæй. Бæргæ гъæуай кодтан нæхе, фал уæддæр, гъулæггагæн, цæмæй тарстан, еци æнамонди цаутæ дæр æрцудæнцæ. Тургити Лаврентий тугъдæй цæфтæй иссудæй. Адæм ке нæ фагæ кодта, уомæй си колхози правлени ракурдта, цæмæй косун райдайа тракторбæл. Æма лæхъуæн, кæд æма æ цæфтæй æнхæст нæма исдзæбæх æй, уæддæр исарази æй, нæ базийнадæ кодта, е 'мбал Гибизти Тайморази хæццæ исбадтæй тракторбæл. Æма... Минæ сæбæл фехалдæй, дууемæй дæр сæбæл адзал исæмбалдæй Силтанухъи будури. Лаврентий рохс ном имисгæй æнæзæгъæн нæййес, æ мадæ Госе æма æ дууæ хуæребæл ци æнамонд хабар æрцудæй, уой туххæй дæр. Немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ ма Цæгат Иристони ку адтæнцæ, уæд сæ хуæдтæхгутæ бомбитæ еци калæги калдтонцæ мах гъæубæл дæр. Госе æма æ дууæ кизги сæхе сæ синхæгти пъадвали бæргæ баримахстонцæ еци бомбитæй фæййервæзуни зæрдтæй, фал си еу бомбæ уæддæр исæмбалдæй еци хæдзарæбæл æма... Æртемæй дæр фæммард æнцæ...

**– Раст загътай, Абисал, еци уæззау рæстæгути хъæбæр зин адтæй куд трактортæ æма æндæр гъæугæ гъæууонхæдзарадон техникæн сæхе, уотæ уонæн æййевæн хæйттæ дæр исамал кæнун.**

– Раст зæгъис, æцæгæйдæр е хъæбæр сагъæссаг гъуддаг адтæй. Хуарз æма нæмæ нæ колхози еци рæстæг дессаги арæхстгин курдонтæ адтæй – Цакъоти Слангерий, Гегути Цæрай, Гобети Заурбег, Хохойти Хакъиассæ, Бæлоти Будзу æма Гобети Бекир. Етæ нин хъæбæр агъаз кодтонцæ, цæмæй трактортæ æнæкъулумпийæй кустайуонцæ, уой туххæй. Æхсæвæ-бонæ син нæ адтæй, цийфæнди афони дæр сæмæ нæхе естæй фæдбæл ку бахатианæ, уæд нин нæ гъуддаг хъæбæр зæрдиагæй уайтæккæдæр райаразиуонцæ. Уонæй, гъулæггагæн, абони не 'хсæн некебал ес, рохсаг уæнтæ, мах ба, сæ кæстæртæ, еудадзугдæр хуарзæй имисæн, иронх дæр сæ некæд фæууодзинан.

**– Куд фегъустон, уотемæй уæд уæ хæццæ механизатори дæсниадæбæл ахур кодтонцæ кизгуттæ дæр...**

– Æцæгæйдæр уотæ адтæй, мах фæсте механизатори дæсниадæбæл ахур кодтонцæ нæ гъæуи фæскомцæдесон кизгуттæй еу къуар: Зурати Маня, Тъурити Гамисæ, Чихтисти Зæлда, Секъинати Уарзетæ æма Настя, Перисати Мæдинæ, Уазæгти Веричкæ, Бæлоти Бидзирæт æма иннетæ. Уонæй рауадæй дессаги арæхстгин механизатортæ, æмхузон хуарз арæхстæнцæ тракторбæл дæр æма комбайнбæл дæр косунмæ. Берæ æнзти дæргъи фæффæллойнæ кодтонцæ колхозон будурти. Хъæбæр арфиаг си адтæнцæ колхози разамунд дæр æма колхозонтæ еугурæй дæр. Кизгуттæн берæ æнтæстæй, сæ ихæслæвæрдтæ æнхæст кодтонцæ дувæрæй, уой хæццæ ба ма сæмæ адтæй еума хуарздзийнадæ – ци куст син бабарæ кæниуонцæ, уой æнхæст кодтонцæ лæмбунæг, хуæрзгъæдæй, æгириддæр сæмæ неци фауæ æрхæссæн уидæ, еузагъдæй, нæлгоймæгтæн дæр ма уиуонцæ дæнцæ.

**– Фæстугъд фиццаг анзи райони еугур хæдзарæдтæн дæр хъæбæр зин адтæй будуйрон куститæ – хумæ бакæнун, хуар байтаун – афойнадæбæл исæнхæст кæнун. Фал, куд зонун, уотемæй, сумах колхози, иннæ колхозти хæццæ рабаргæй, уалдзигон будуйрон куститæ зингæ рæвдзæдæр цудæнцæ...**

– Гъо, райони махæй раздæр неке рахецæн кодта уалдзигон будуйрон куститæ. Фал уæддæр æнцад не 'рбадтан. Чиколай уæд æртæ колхози адтæй, æма уæлдай тухст уавæри бахаудтæнцæ. Мах сæмæ цалдæр тракторемæй рандæ ан фæййагъаз кæнунмæ. Раст нæхецæн куд æнæхийнæй кустан, уотæ нæ синхæнттæмæ дæр. Æма куд сæхе æновуд архайди, уотæ мах агъази фæрци дæр еци колхозтæ къурцдзæвæнæй рацудæнцæ... Хъæбæр зæрдиагæй нин фæййарфитæ кодтонцæ...

**– Æма уæхе колхози уæ хъазаутон фæллойнæ цæмæй рабæрæг æй, гъома, цæйбæрцæбæр фæрнæйдзаг рауадæй уæ фæззæг?**

– Мæ бон æй уотæ зæгъун, æма нæ фæззæг рауадæй хъæбæр бæркадгун. Мæнæуæй, нартихуарæй, картофæй, сойнæй нæ паддзахадон ихæслæвæрдтæ æнтæстгинæй исæнхæст кодтан. Берæ тиллæгæй байдзаг æнцæ нæхе хæдзаради хуардæнттæ дæр. Еузагъдæй, гъæздуг адтæй нæ фæллойнæбон.

Ме 'мгæрттæ фæстугъди уæззау рæстæгути куд аразтонцæ сæ цардиуагæ, уой имисгæй мæ фæндуй нæ абони кæстæртæн уой зæгъун, цæмæй сæ хестæрти фæнзонцæ. Уинун æй, нæ абониккон фæсевæд дæр арфиаг æнцæ, сæ берæ лæгигъæдтæй зæрдæ рохс кæнуй, ес сæмæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхунмæ нифс æма разæнгарддзийнадæ. Æцæг ма син уой зæгъуйнаг дæн, цæмæй фæллойнæ уарзонцæ, уомæн æма айдагъдæр е æй лæгамайæг, царддæттæг, рохситауæг æма ибæл æригонæй гъæуама æхцул уонцæ. Сæ сæрмæ ма хæссæнтæ æгустæй бадун, мулкдзæстæ ун, хе фæллойни фæрци си алкедæр æ карнæ куд араза. Магоса мæгур æй, æнамонд, исæфт æма си æй æ сæрмæ маке хæссæд...

***

РЕДАКЦИЙÆЙ. *Аци æрмæги ци дессаги хъиамæтгун адæми кой цæуй, уонæй кадæртæ сæ цæргæ-цæрæнбæнтти механизатортæй фæккустонцæ сæ райгурæн гъæуи колхози, кадæртæ ба сæ царди хабæрттæмæ гæсгæ æндæр рауæнти кустонцæ.*

*Нæхецæн æй ихæсбæл банимадтан, уони æримисун. Фиццагидæр уомæ гæсгæ, æма дзæвгарæ рæстæг ке рацудæй, уой фудæй ба син сæ рохс нæмттæ сæ хеуæнттæй уæлдай, æвæдзи, зонгæ дæр некебал кæнуй. Уотемæй ба нури фæлтæртæ дæр гъæуама зононцæ, нæ Фидибæстæн æ тæккæ уæззаудæр рæстæгути æ сæрбæлтау уодуæлдайæй ка хъиамæт кодта, еци хумæтæг фæллойнæгæнгути. Уони дæнцæн æма рæстзæрдæдзийнадæ нури кæстæртæн зундæфтауæг уодзæнæй, сæ зундирахастбæл хуæрзæрдæмæ бæрæг кæндзæнæй…*

**Президент России В. ПУТИН о зверствах украинских националистов, с которыми борется российская армия: «Эти бандиты, неонацисты людей не жалеют. Расстреливают даже своих военнослужащих, которые не хотят оказывать вооруженного сопротивления...**






# ЧЕМУ НЕТ НАЗВАНИЯ



**Ярослав ГАЛАН,** (1902-1949), украинский советский писатель-антифашист

***Эту статью известного украинского писателя – антифашиста Ярослава Галана, которую он написал в 1945 году, мы сегодня перепечатываем в связи с тем, что те злодеяния, которые бандеровцы и подобные им отщепенцы своего народа в тем далекие годы творили на украинской земле, точь в– точь творят нынешние украинские неонацисты в отношении мирного населения, ввергают свою страну в пучины самых немыслимых бедствий.***

***Как известно, после распада Советского Союза украинские элиты пытались навязать своему народу идеологию, в основе которой лежит украинский национализм. Все это продолжало развиваться на фоне героизации лиц, воевавших на стороне нацисткой Германии во время Великой Отечественной войны... Этим людям следовало бы глубже изучать историю и причины реальных трагедий своего народа...***

Четырнадцатилетняя девочка не может спокойно смотреть на мясо. Когда в ее присутствии собираются жарить котлеты, она бледнеет и дрожит, как осиновый лист.

Несколько месяцев назад в воробьиную ночь к крестьянской хате, недалеко от города Сарны, пришли вооруженные люди и закололи ножами хозяев. Девочка расширенными от ужаса глазами смотрела на агонию своих родителей.

Один из бандитов приложил острие ножа к горлу ребенка, но в последнюю минуту в его мозгу родилась новая «идея».

– Живи во славу Степана Бандеры! А чтобы чего доброго не умерла с голоду, мы оставим тебе продукты. А ну, хлопцы, нарубите ей свинины!..

«Хлопцам» это предложение понравилось. Они постаскивали с полок тарелки и миски, и через несколько минут перед оцепеневшей от отчаяния девочкой выросла гора мяса из истекающих кровью тел ее отца и матери…

Вот до чего дошли выродки-бандиты, именующие себя «украинскими националистами» – бандеровцами, бульбовцами, мельниковцами. Их деятельность за последние годы – это беспрерывная цепь диких зверств, чудовищной разнузданности и непревзойденных провокаций.

В январе 1940 года в ОУН произошел «раскол»: Бандера откололся от Мельника, гестаповские близнецы разошлись. Этого требовали интересы близнецов, этого требовали интересы их матери – гитлеровской Германии.

Роли были распределены так: Мельник должен был остаться явным безоговорочным лакеем Берлина, Бандера – чем-то наподобие Азефа. Горланя о «самостийной» и «соборной», этот демагог-провокатор пытался сплотить вокруг себя как можно больше янычар-головорезов, готовых уже в первый день нападения Германии на Советский Союз стать шпионско-диверсионным отрядом гитлеровской орды.

Тридцатого июня 1941 года, на второй день после вторжения немцев во Львов, Бандера создал свое «правительство» для Украины. Через двадцать четыре часа после этой комедии произошла и другая: гестапо арестовывает Бандеру и его «премьер-министра» Стецька. «Арестовывает» и… предоставляет ему при атом полную возможность и дальше руководить своей шайкой…

С осени 1941 года бандеровская ОУП постепенно уходит в «подполье»: а подполье, кстати сказать, довольно мастерски устроено гестаповскими режиссерами. Захватчикам надо было любой ценой разбить единство украинского народа, парализовать растущее партизанское движение. И оккупанты сделали стайку на бандеровскую группу ОУН. Ей было дано задание направить но другому руслу антинемецкие настроения масс, не допустить до того, чтобы лютая ненависть украинского парода к немецким захватчикам вылилась в вооруженную борьбу за освобождение Украины.

И бандеровцы начинают действовать. В немецкой типографии в Луцке они печатают… антинемецкие листовки; новейшими немецкими автоматами вооружают свою так называемую УПА. По ни их листовки, ни их автоматы не причиняют немцам особого вреда. От самой листовки еще никто не погиб, а пули бандеровцев получают ту особенность, что они летят не в сторону немецких карательных отрядов, а в грудь украинских и польских крестьян, их жен, матерей и детей, и в спины партизан-мстителей за обиды украинского и польского пародов.

Вся эта каинова работа не могла, конечно, изменить и не изменила естественного развития событий. Украинский народ раскусил провокацию, с его помощью Красная Армия победно продвигалась на запад, освобождая от врага все новые и новые украинские земли. А гитлеровцы и их националистические прихлебатели оказались у разбитого корыта.

Могло бы казаться, что это уже конец, что это уже дно, ниже которого немецко-украинская националистическая нечисть опуститься не может. Но нет! Даже тогда, когда окончательное поражение Германии стало вопросом ближайшего времени, украинская агентура Берлина осталась верной себе, показала себя наиболее предданой лакейской сворой среди всех клевретов Гитлера в Европе.

Правда, эти профессиональные предатели еще и сегодня между одним и другим своим злодеянием декларируют о «самостийной» и «соборпой», называя себя при этом «независимым политическим фактором». Но об этой «независимости» оуновских бандитов говорят факты. Факты неопровержимые, поддержанные показаниями действи-тельных и единственных вдохновителей украинских националистов – господ из гестапо.

Предоставим слово документам. Пусть они войдут осиновым колом в могилу того, что долгие годы называлось смрадным термином: «украинский национализм».

Весной 1944 года Красная Армия в своем освободительном походе перешла реку Збруч. Примерно в то же время в немецкую охранную полицию и «СД» дистрикта Галиция явились бандеровские «делегаты» с заявлением о том, что представитель так называемого «Центрального руководства ОУН – бандеровцев» Герасимовский желает «от имени политического и военного сектора ОУН» обсудить с гестапо возможности тесного сотрудничества против «большевизма» в новых условиях.

Гестапо не заставило себя просить: 5 марта состоялась в Тернополе встреча Герасимовского с представителем охранной полиции и «СД» криминаль-комиссаром Паппе. Как видно, гестапо сумело надлежащим образом оценить своих бандеровских контрагентов, посылая для разговоров с Герасимовским специалиста по уголовным делам…

Во время этой встречи Герасимовский сделал заявление, в котором, между прочим, сказал (по стенограмме секретаря господина Паппе):

«…Украинский народ и бандеровские группы ясно поняли, что они могут достичь своей независимости только при помощи самой великой нации Европы» (читай: немцев. – *Я.Г.*).

Слова «украинский народ» в устах матерого ренегата – это, конечно, только стилистическое украшение. Герасимовский хотел подчеркнуть, что судьба бандеровской братии, как и всех украинских националистов, и дальше остается в руках немцев.

«Осознавая это, украинский народ (читай: украинские националисты. – *Я.Г.*) стоял уже на стороне немцев в первой мировой войне, позднее искал и нашел себе поддержку в Германии, учился для немецких целей и, наконец, как в польско-немецкой, так и в немецко-советской войне внес свой вклад для Германии».

Тут Герасимовский безусловно прав. Украинские националисты были верными прислужниками немецкого империализма во время первой мировой войны, они и потом искали и нашли себе поддержку в Берлине, они настойчиво учились быть квалифицированными шпионами в пользу Германии, они имеют полное право называть себя ветеранами немецкой разведки. Надо полагать, что и сам господин Паппе не имел в этом ни малейшего сомнения, и если он терпеливо слушал искренние исповеди бандеровского «самостийника», то это только потому, что так подсказывала ему долголетняя практика чиновника уголовной полиции.

Герасимовский продолжал:

«Надо покончить с той ошибкой, будто бы бандеровские группы считают Германию своим противником. Бандеровская группа говорит, что украинцы (читай: украинские националисты. – *Я.Г.*) удовлетворились бы государственной формой по образцу протектората, но этот шаг к самостоятельности украинцев не был осуществлен Германией: поэтому-то и бандеровская группа, связанная идеей (слышите: «идеей»! – *Я.Г.*), вынуждена для своей политической цели работать нелегально. Но все же в нелегальной работе строго предусмотрено не действовать против Германии, а подготовиться к решительной борьбе против русских. Это было убедительно доказано тем фактом, что бандеровская группа приступила к созданию, вооружению и обучению своих боевых отрядов только в феврале 1943 года, то есть в то время, когда в результате событий на Восточном фронте пришлось констатировать,

**3 апреля исполняется 115 лет со дня рождения Героя Советского Союза Николаева Василия Семеновича (1907-1989). До войны жил и работал в г. Алагире.**

*Не лучше относятся к гражданским – прикрываются ими как живым щитом. Только фашисты воевали так, столь бесчеловечно относились к мирному населению, когда советские войска сражались с ними, в том числе освобождая территорию Украины...»*



что немцы не смогут победить Россию, как это казалось в начале войны».

Как видим, бандеровский ценной пес, всячески виляя, со все большей силой бьет хвостом по икрам господина криминаль-комиссара Паппе. В подхалимском раже Герасимовский ие колеблется назвать своих подчиненных… криминальным элементом:

«Если же в отдельных местах и происходили акты антинемецкого саботажа, то это никогда не было по приказу бандеровской группы, а делалось самовольно украинцами из преступных побуждений…»

В конце своего выступления Герасимовский внес такие предложения:

«а) бандеровская группа полностью и безоговорочно укрепляет… солидарность со всеми немецкими интересами, как подвоз, немецкое строительство на Востоке и необходимые требования в тыловых военных районах;

б) ОУН – бандеровская группа отдает в распоряжение немецкой договорной стороны собранный своей разведкой агентурный материал против поляков, коммунистов и большевиков с тем, чтобы использовать его для проведения карательных операции)».

Националистическим помощникам немецких карателей недолго пришлось ждать ответа гестапо. Уже через несколько дней представитель охранной полиции и «СД» дистрикта Галиция обратился к обер-фюреру и полковнику полиции генерал-губернаторства Биркампфу с отношением, исполненным неприкрытой иронии по адресу бандеровской «договорной стороны»:

«Я прошу срочно сообщить о решении РЦГА, так как надо учесть, что представитель ОУП, предполагаемый будущий министр иностранных дел украинского государства, скоро придет ко мне».

Вторая встреча гестапо с Герасимовским состоялась 23 марта. В своем новом заявлении представитель ОУП был не менее щедрым, чем и в прошлый раз:

«…ОУН будет передавать немцам сообщения военного характера из районов за линией советского фронта.

ОУН будет держать свои боевые части за линией советского фронта и будет вредить советскому подвозу, базам подвоза, центрам вооружения, складам – активным саботажем…»

Готовясь к этой подлой работе, оуповские вожаки тщательно заботились о том, чтобы обманутые ими их сообщники не знали правды. Поэтому-то Герасимовский умоляет гестаповцев держать язык за зубами:

«Транспорты с вооружением и материалами для саботажа должны быть доставлены со стороны немцев через линию фронта частям ОУПА по всем правилам конспирации для того, чтобы не дать большевистскому режиму в руки тот козырь, что украинцы (читай: украинские националисты. – Я. Г.), которые остались за линией фронта, являются немецкими союзниками и агентами».

Двадцать восьмого марта тот же Герасимовский имел встречу с командиром охранной полиции и «СД» дистрикта Галиция, СС-оберштурмбанфюрером доктором Витиска. На вопрос Витиска, каким будет отношение бандеров цев к мобилизации немцами украинского населения, националистический мерзавец цинично ответил:

«ОУП не будет чинить препятствий; к тому же в украинском пароде столько живой силы (!), что немецкие оккупационные власти могут проводить мобилизацию, и еще достаточно сил останется для вербовки в УПА, и оба партнера не помешают друг другу».

И действительно, оба партнера не мешали друг другу. И немцы и их бандеровские наемники соревновались за первенство в истреблении украинского народа. Если же им не удавалось выполнить это безумное задание, то лишь только потому, что их руки были слишком коротки…

Девятнадцатого апреля 1944 года состоялось совещание руководителей немецких «абверкоманд» 101, 202, 305 военной группы «Юг». Подполковник Линдгарт («абверкомманда» 101) в своем выступлении высказал по адресу оуновцев значительный комплимент. Вы только послушайте:

«Вне связи с ОУН моя агентурная деятельность вообще невозможна».

Еще более многоречивым был на этом совещании подполковник Зелигер («абверкомманда» 202):

«…Я должен практически охватить членов УПА на территории Галиции и после обучения и вооружения перебросить их самолетами на советскую сторону или же пропустить большую группу через фронтовые прорывы. Я с давних времен поддерживаю связь с УПА через посредника Шухевича и уже получил несколько человек для обучения».

Но пока гестаповцы советовались, Красная Армия с боями продвигалась вперед, приближаясь к западным границам Украины. Немецкие оккупанты предчувствовали, что им недолго уже ходить по украинской земле. И националистические кукушкины яйца снова им пригодились.

Пятнадцатого июня представитель охранной полиции в официальном письме, адресованном главному управлению НИУ СС – штурмбанфюреру и советнику Поммерингу писал следующее:

«…5.VI.44 года II референт имел очередную встречу с Герасимовским, на которой был обсужден вопрос о переброске через линию фронта на советскую сторону С– и Ф-агентов, а также об оставлении Ф-агентов, на случай эвакуации немцами части Галиции в связи с военными действиями.

Эти переговоры служат также в интересах расквартированной здесь зондеркомманды «Цеппелин».

Что касается оставления Ф-и С-агентов для отправки их за линию фронта, Герасимовский заявил, что УПА поддерживает такую же связь с армией, какую охранная позиция поддерживает с ОУН-бандеровской группой.

Между немецкой армией и УПА уже давно существует договоренность о том, что УПА из своих рядов отдает в распоряжение армии Ф– и С-агентов.

Поэтому остается лишь познакомить охранную полицию с этими члепами УПА».

Этого достаточно. Круг позора замкнулся, презренные националистические твари дошли до точки, с которой начали было свое блудливое путешествие. Отошли в безвозвратное прошлое надежды этих пройдох на «крупный выигрыш», испарились из их опьяневших от братской крови голов честолюбивые мечты о власти над Украиной. Бешеная, исступленная ненависть к украинскому народу, воспеваемая свыше двадцати лет в стихах их пиита Маланюка, толкнула их в ту же помойную яму, в которую скатились немецкие властители их душ и тел. В ту самую яму, в которой они родились и выросли и в которой их обучили ремеслу убийства, измены и провокации.

Кто-то мог бы спросить: как могут люди пасть так низко? Этот вопрос надо направить в фашистский Берлин, в эту гигантскую «малину» отбросов общества и народа, людей без чести, без родины.

И даже не людей, а чего-то такого, чему на человеческом языке нет названия…

*Из книги Ярослава Галана «Памфлеты».*

***

*Еще раз повторяем: украинским националистам следовало бы глубже изучать историю и знать, как заканчиваю те, кто творит злодеяния против своего же народа. И в напоминание – публикуемое далее статья.*



# Киевский Нюрнберг

**76 лет назад в украинской столице был вынесен судебный приговор нацистам**

В фондах Российского государственного архива кинофотодокументов (РГАКФД) сохранился уникальный полуторачасовой документальный фильм, подробно запечатлевший все перипетии Киевского процесса. Он проходил с 17 по 28 января 1946 года в Киевском окружном доме офицеров.

## Толпа аплодировала

Вспоминает один из тех, кто был в тот день на площади, – Владимир Яковлевич Шаинский (1925-2017). Будущему знаменитому композитору, написавшему музыку для мультфильмов про Чебурашку и Крокодила Гену, в этот момент было двадцать лет. "После войны я был свидетелем того, как в Киеве вешали немецких военнопленных из числа эсэсовцев, которые проявили себя особой жестокостью к мирному населению. Я особенно запомнил шестерых: один генерал, в форме, совсем седой, коротко стриженный, четыре офицера и один здоровый молодой эсэсовец лет двадцати. Они были очень аккуратно одеты. Думаю, их не предупреждали о предстоящей казни, а сказали, что просто ведут на какое-то построение. Собралось много народу. Немцев вывели на помост, построили у виселицы, накинули на шеи петли. Когда они в конвульсиях забились на веревках, толпа начала аплодировать..."

Решение о публичной смертной казни через повешение – нового наказания для советской правовой системы – было принято еще за два года до этого дня на совещании у Сталина. 19 апреля 1943 года он подписал в качестве наркома обороны приказ №0283 с грифом "Без опубликования в печати", в котором сообщил войскам о появлении в Советском Союзе нового нормативного акта – Указа Президиума Верховного Совета СССР от 19 апреля 1943 года №39 "О мерах наказания для немецко-фашистских злодеев, виновных в убийствах и истязаниях советского гражданского населения и пленных красноармейцев, для шпионов, изменников родины из числа советских граждан и для их пособников".

Чем было вызвано принятие такого Указа за два года до победных майских салютов 1945-го?

## "Пусть ярость благородная..."

19 апреля 1943 года. Идет 667-й день Великой Отечественной войны. В кремлевский кабинет Сталина приглашены 12 человек. Молотов и Маленков, Щербаков и Ворошилов, Мехлис, Василевский и Антонов, адмирал Кузнецов, Берия, Меркулов, Абакумов, Голиков.

Увы, ни один из них не оставил воспоминаний об этом судьбоносном дне.

Совещание началось в 20 часов 40 минут, а последние участники покинули кабинет вождя в 1 час 10 минут следующих суток. В этот день Верховный Главнокомандующий осуществил принципиально важные кадровые перестановки в возглавляемом им лично Наркомате обороны СССР. Именно 19 апреля секретным постановлением Совнаркома СССР №415-138сс было создано Главное управление контрразведки "Смерш" ("Смерть шпионам"!) Народного комиссариата обороны СССР, подчиненное непосредственно товарищу Сталину. На кремлевском небосводе взошла и ярко засияла звезда начальника ГУКР "Смерш" и заместителя наркома обороны Виктора Семеновича Абакумова. Именно ему Советский Союз обязан созданием самой эффективной военной контрразведки времен Второй мировой войны.

С этого дня до той поры всесильный глава НКВД Генеральный комиссар государственной безопасности Лаврентий Павлович Берия утратил контроль над Вооруженными силами, что в конечном счете предопределило его поражение в борьбе за власть летом 1953 года.

Это был очень сильный ход Сталина. Поставив своего выдвиженца Абакумова во главе "Смерша", вождь решил сразу несколько задач. Во-первых, установил жесткий контроль над военачальниками и партийной элитой. Во-вторых, ослабил власть никому не подконтрольного Берии, чьи честолюбивые амбиции внушали опасения. И, наконец, опираясь прежде всего на "Смерш", канализировал недовольство населения действиями верховной власти в начальный период войны, направив протестные настроения в сторону изменников и предателей.

Для них были установлены уникальные для советской правовой системы наказания – публичная казнь через повешение, издавна считавшаяся позорной, и каторжные работы сроком от 15 до 20 лет.

## Указ обратной силы

Указ №39 официально не публиковался. И хотя он последний раз применялся в 1952 году, формально не отменен до сих пор. Судя по стилистическим особенностям документа, его авторство принадлежит Сталину. "Приведение в исполнение приговоров военно-полевых судов при дивизиях – повешение осужденных к смертной казни – производить публично, при народе, а тела повешенных оставлять на виселице в течение нескольких дней, чтобы все знали, как караются и какое возмездие постигнет всякого, кто совершает насилие и расправу над гражданским населением и кто предает свою родину".

Такую фразу мог написать только вождь, и никто иной.

Указу была придана обратная сила: его действие распространялось на деяния, совершенные до его принятия. Всего по Указу от 19 апреля 1943 года в СССР осудили в 1943-1952 годах не менее 81 780 человек, из которых 24 069 человек были иностранцами.

**Семен ЭКШТУТ**
***Российская газета №52 от 16.03.2022***

**День памяти выдающегося осетинского поэта, публициста, этнографа, первого осетинского профессионального художника – живописца К.Л. Хетагурова (1859-1906) отмечается 1 апреля.**

***Французаг къарол Людовик XVIII еу актер æ зæрдæмæ фæцыдæй æма ин равардта, æстдæс сугъзæрийнæ дзаумауи кæми адтæй, уæхæн лæвар. Актер загъта: «Æстдæс дзаумауи... Уомæн æма къарол æхуæдæг XVIII æй!.. Бæргæ, Хуцау æй æхсæрдæс æма инсæйæймаг ку фæккодтайдæ...»***



# ЗИНГИСЕРВÆЗТÆЙ БАГЪÆУАЙ КÆНУНÆН

ЦÆРÆНУАТИ медæгæ зингисервæзтитæ, ахиддæр си ка цæруй, еци адæми фудæй ке рауайунцæ, уой зонетæ? Берæ æнзти дæргъи хъиамæт кæнгæй, адæм ке исамал кæнунцæ, арт еци есбойнадæ æгъатирæй искунæг кæнуй. Зингисервæзт ке фудæй рауайуй, еуæй-еу хатт еци адæймæгутæ дæр арти амæттаг фæуунцæ.

Аци анзи райдайæнæй нуриуæнгæ Дзæуæгигъæуи рауадæй 23 зингисервæзти (сæ фулдæр хай – цæрæнуæтти медæгæ). Зингисервæзтити фудæй еу адæймаг гъигæдард баййафта.

Статистикон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, зингисервæзтитæ цæрæнуæтти ахиддæр рауайунцæ мæнæ ауæхæн æууæлти фудæй:

– æртхотæгдони рази ке исæвардтонцæ, кенæ зæнхæмæ æдзæллаг уагæй ке ʻргæлстонцæ, кенæ ниуæзтгун адæймаги къохæй ка æрхаудтæй, тамакуй уæхæн æскъæрнæг;

– æвæгæсæгæй косгæй ке ниууагътонцæ, уæхæн электроприбортæ;

– гъæндзийнæдти хæццæ электрон тухæуадзæн телтæ;

– спичкитæй сувæллæнтти гъазт;

– цардиуагон гази прибортæй пайдакæнуйнади фæтки ихæлд.

Уæлдæрамунд æууæлтæ нимайгæй, Уæрæсей Æнæнгъæлæги уавæрти министради сæйраг цæгатиристойнаг управлени адæмæн фæдзæхсуй зингисервæзти æдасдзийнади домæнтæ æнхæст кæнун, гъома:

– электрон тухæ устур бæрцæй ка харз кæнуй, уæхæн электроприбортæ еци-еу рæстæг электрон тухæдæттæн телти хæццæ ку байеу кæнай, уæд, гæнæн ес, æма зингисервæзт рауайдзæнæй. Заводи арæзт гъæуайгæнæнти бæсти хеконд гъæуайгæнæнтæй («жучок»-тæй) пайда кæнун æгириддæр не ʻнгъезуй, уомæн æма хеконд гъæуайгæнæнтæй пайда кæнуни фудæй зингисервæзтитæ ахид рауайунцæ:

– уæ цæрæнуати уæвæг электрон тухæуадзæн телти уæлцъарæ, розеткитæ æма цирагъ хуссунгæнæнтæ кæд гъæндзийнæдти хæццæ ʻнцæ, уæд сæ баййевун кæнетæ электромонтерæн;

– гази пецæй пайда кæнуни дзамани форточкæ байгон кæнун ма феронх кæнетæ, содзгæ ка кæнуй, еци гази пецтæ æвæгæсæгæй ма ниууадзетæ, уæдта сæмæ сувæллæнтти æма аци пецæй пайда кæнун нæзонæг адæймæгути хæстæг ма бауадзетæ;

– газ уадзуй æви нæ, уой рабæрæг кæнунæн игон артæй ма пайда кæнетæ (уотæ бакæнуни фудæй исрæмугъд рауайдзæнæй)! Аци гъуддаг банхæст кæнунæн тæккæ хуæздæр æй сапойни финкæй испайда кæнун;

– тæнгъæдæ гази хæццæ баллонæй æдасæй пайдакæнуйнади фæткæ æнхæст кæнетæ! Гази хæццæ баллæнттæ æфснайдæй дарун гъæуй бæстихайии æндегæй æнæсодзгæ æрмæгæй арæзт уæлæнхасæн хатæни уæвæг скъаппи медæгæ, бæстихаймæ бацæуæнæй тæккæ минкъийдæр 5 метремæй æндæдæр рауæн;

– косгæ телевизор æвæгæсæгæй ма уадзетæ, уæдта ʻй сувæллæнтти бæрни дæр ма кæнетæ! Телеравдистмæ бакасти фæсте ʻй рахуссун кæнетæ æма вилкæ штепселон розеткæй рафтауетæ;

– уазали ниссæлæг машинттæ, механизмтæ, донуадзæн хæтæлтæ æма æндæр ефтонггæрзтæ гъар кæнун гъæуй айдагъдæр тæвдæ донæй, зменсæ æма дони тæфæй. Аци гъуддаг банхæст кæнунæн арт æма æхседæрфтæй пайда кæнун нæ гъæуй;

– сувæллæнттæ артæй цæмæй ма гириз кæнонцæ, уой туххæй, сувæллон спичкитæмæ кæми нæ бахъæрта, уæхæр рауæнти сæ гъæуй римæхсун, уæдта сувæллæнтти еунæгæй, æнæ хестæр адæймаги цæстдардæй цæрæнуати медæгæ уадзун не ʻнгъезуй.

Зингисервæзт кæд рауайа, уæд æвæстеуатæй зингхуссунгæнгутæмæ фæдздзоретæ æма ʻй уæ къохи бафтуйæг фæрæзнитæй хуссун кæнун райдайетæ, содзгæ бæстихаййæй рагацау адæми æдас рауæнмæ раййевгæй.

***Уæрæсей Федераций Æнæнгъæлæги уавæрти министради сæйраг цæгатиристойнаг управлений Дзæуæгигъæуи цæстдарæн архайди æма фидбилизæй бахезуни кусти хайадæ.***

# БОГÆЛТТÆ ЕРИС КÆНДЗÆНÆНЦÆ ЕВРОПИ ЧЕМПИОНАТИ

Уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй Европи чемпионат аци анз 27-30 мартъий цæудзæнæй Венгрий сæйраг сахар Будапешти.

Гъулæггагæн, Украини цаути фудæй Уæрæсей богæлттæ Будапешти еристи нæ архайдзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ, Иристони богæлттæ нæ бæсти еугонд команди ка ʻй, уонæн дæр сæ Будапештмæ балци æйййивд æрцудæй.

Ке зæгъун æй гъæуй, е гъулæг кæсуй спортсментæ æма сæ еузæрдиуон фарсхуæцгутæмæ, фал уæддæр, Иристони спортуарзгутæн кæбæл бацийнæ кæнонцæ, е уодзæнæй. Гъуддаг ба уой медæги ʻй, æма, Венгрий Европи чемпиони ном рамолунбæл ка тох кæндзæнæй, уони ʻхсæн уодзæнæнцæ авд ирон богали. Етæ ерис кæндзæнæнцæ европаг æртæ бæстей номæй.

Словакий спортивон кадæ гъæуай кæндзæнæнцæ: Салхъазанти Таймураз, Гулати Æхсарбег, Махъоти Барис æма Цæкулати Батæрбег. Сербий номæй хуæцдзæнæнцæ Цæболти Хетæг æма Фриати Таймураз, Байцати Владислав ба горцъемæ рацæудзæнæй Венгрий номæй.

Нæ биццеутæн нæ зæрдæ зæгъуй хуарз æнтæстдзийнæдтæ. Сæ идард балцийæй нæмæ уæлахездзаутæй куд исæздæхонцæ, е Хуцауи бафæндæ уæд!



# ВРЕМЯ ПИТЬ ЧАЙ



Жизнь современного человека невозможно представить без чашки ароматного чая. Многие употребляют его в больших количествах, как воду. Однако он далеко не безобиден. Чай может оказывать на организм по-настоящему целебное воздействие, если знать, как правильно его пить.

Как правило, послеобеденное время лучше всего подходит, чтобы выпить чашечку черного или зеленого чая. Он содержит кофеин, а потому бодрит, а также поддерживает пищеварительную систему. У большинства людей энергия склонна снижаться после приема пищи, а также утром.

Соответственно, имеет смысл пить чай после обеда. Рекомендуется делать это примерно через 30 минут после приема пищи, чтобы уменьшить влияние напитка на усвоение питательных веществ, особенно у пожилых и людей, страдающих от дефицита железа. Не менее полезной привычкой будет пить чай по утрам, а после ужина этого делать крайне не рекомендуется, поскольку напиток содержит кофеин.

В чае содержится множество веществ, препятствующих усвоению минералов организмом. В частности, дубильные вещества – соединения, содержащиеся в чае, мешают усвоению железа. Частое употребление чая может повлиять на способность организма усваивать железо и цинк. Поэтому рекомендуется пить чай между приемами пищи, а не во время еды, особенно пожилым людям и людям с дефицитом железа. Кроме того, по имеющимся данным, содержащийся в чае катехин, а именно эпигаллокатехин-3-галлат (ЕСССЗ), может связываться с такими минералами, как железо и медь, предотвращая их усвоение организмом.

Согласно результатам некоторых исследований, чашка чая во время еды может негативно повлиять на процесс усвоения железа, а в долгосрочной перспективе способна привести к его дефициту и анемии. Поэтому по возможности лучше пить зеленый и черный чаи между приемами пищи, особенно если у вас дефицит железа и других важных минералов.

Черный чай имеет множество полезных свойств. Перечислим некоторые из них.

• Большое количество антиоксидантов
• Способность укреплять здоровье сердца
• Снижение уровня «плохого» холестерина – ЛПНП
• Укрепление здоровья кишечника
• Повышение концентрации внимания
• Снижение артериального давления
• Снижение риска инсульта
• Снижение уровня сахара в крови
• Снижение риска развития рака
• Преимущества зеленого чая
• Улучшение работы мозга
• Увеличение жиросжигания.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№619.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.03.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 29.03.2022

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ʼрветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**

*2022 АНЗ – УӔРӔСЕЙ АДӔМТИ КУЛЬТУРОН БУНДАЙРАДИ АНЗ*

# Царди айдӕнӕ

Газет «ДИГОРИ» сӕрмагонд уӕлӕфтауӕн

№1. 29 мартъи. 2022 анз 0+





## БӔРӔГБОН АРФИТӔ ӔМА ЛӔВӔРТТӔЙ ФЕДАУЙ!..

Куд иннӕ ӕнзти, уотӕ аци анз дӕр 25 мартъий бӕрӕггонд ӕрцудӕй Еугуруӕрӕсеуон бӕрӕгбон – культури косӕги Бон. Уой фӕдбӕл аци къабази еугур фӕллойнӕгӕнгутӕн зӕрдиагӕй райарфӕ кодта Уӕрӕсей культури косгути профцӕдеси Цӕгат Иристони хайади сӕрдар **Годжиати Еленӕ**:

«Нӕ культури хъазар косгутӕ! Райсетӕ нӕ зӕрдиаг арфитӕ нӕ профессионалон бӕрӕгбони фӕдбӕл! Аци бӕрӕгбон еу кӕнуй еугур адӕмти дӕр, кӕцитӕ агъазиау ӕвӕрӕн хӕссунцӕ нӕ ирон национ ӕма фидтӕлтӕй байзайгӕ гъӕздуг уодварни уедӕгтӕ ӕма традицитӕ парахат кӕнуни гъуддаги, фӕлтӕрти ӕфтауй рӕсугъддзийнадӕ ӕма царди дуйнеуон культуритӕмӕ цӕмӕдесдзийнадӕбӕл.

Зӕрдиагӕй уин арфӕ кӕнун, уӕ профессионалон архайди ӕма нӕ бӕсти культури райрӕзтмӕ аккаг ӕвӕрӕн ке хӕссетӕ, уой туххӕй. Уӕ хъауритӕ берӕ уӕнтӕ, нӕуӕг проекттӕ, уӕлахезтӕ ӕма бӕллецтӕ уӕ къохти бафтуйӕнтӕ. Уӕ алли бон дӕр уӕбӕл ӕнтӕстгин ӕма разӕнгардӕй цӕуӕд!

Ӕнӕнездзийнадӕ, сабурдзийнадӕ ӕма амонд уӕ хай уӕд!..»

***

Культури косӕги Бони фӕдбӕл сӕрмагондӕй мадзал арӕзт ӕрцудӕй Дзӕуӕгигъӕуи. Уой игон кӕнгӕй, Цӕгат Иристони Сӕргълӕууӕг **Сергей Меняйлой** номӕй культури еугур косгутӕн дӕр зӕрдиагӕй райарфӕ кодта нӕ республики культури министр **Галазти Эдуард.**

Ӕ радзубандий куд загъта, уотемӕй рӕстӕг ӕма нурикон уавӕртӕ, гъулӕггагӕн, фадуат нӕ дӕттунцӕ куд ӕнгъезуй, уӕхӕн уагӕбӕл бӕрӕгбон исбӕрӕг кӕнун.

8

**Нæ рагфидтæлти зæгъдтитæй:**
*«Еу лæги, дан, ку бафарстонцæ, дæ хумæ цæбæл ратдзæнæ, зæгъгæ, уæд син уотæ загъта: «Уалдзæги – æфсæнбæл, фæззæги – цæвæгбæл!..»*




ГАБИСАТИ Светланæ

***Цитгин Октябри социалистон революци фиццаг хатт фадуат равардта бæрцæй минкъий адæмтæн, уони хæццæ мах адæмæн дæр, сæхе истори, сæхе æвзаг æма културæ бундоронæй æма алливæрсугæй ахур кæнунæн. Ке зæгъун æй гъæуй, Цæгат Кавкази адæми цардиуагæ, æгъдæуттæ, æвзаг æма исфæлдистадæ бæрæггонд æма æртæст цудæнцæ революций размæ дæр. Фал, зæгъун æнгъезуй, советон доги еци гъуддагмæ уæлдай лæмбунæгдæр цæстдард цудæй. Зæгъæн, Иристони фæззиндтæй ахургæндти сæрмагонд къуæрттæ, кæцитæ æвæллайгæй æмбурд кодтонцæ адæмон исфæлдистади уадзимистæ. Еци кусти æновудæй ка архайдта, уонæй адтæнцæ зундгонд ахургæндтæ Габисати Светланæ æма Хæмицати Тамарæ. Абони уæ зонгæ кæнæн сæ еумæйагæй финст уаци хæццæ.***


ХÆМИЦАТИ Тамарæ

# КАДÆ ÆХЕ ÆГЪДАУÆЙ НÆ ЦÆУЙ – ÆНОВУДÆЙ ИБÆЛ АРХАЙУН ГЪÆУЙ!..

Ирон советон исфæлдистадæ æртасгутæ сауæнгæ райдайæнæй фæстæмæ сæхе федар исбастонцæ революций агъоммæ æцæг ахургонд В. Миллери хæццæ. Е XIX æноси кæрони æма XX æноси райдайæни ирон адæми исфæлдистадæ ахур кæнунмæ исразæнгард кодта берети. Еуæй-еуетæ си (Гарданти Михал, Æмбалти Цоцко, Гуриати Гагудз, Собити Инал æма æндæртæ) советон доги дæр нæ ниууагътонцæ сæ куст. Æлборти Барисбий æма Дзагурти Губадий фæрци арæзт æрцудæй ирон историон-филологон æхсæнадæ – Цæгат Кавкази адæмти фиццаг наукон æхсæнадæ. Æхсæнадæ æ кустæн ци Устав исфедар кодта, уоми финст æрцудæй:

«Ирон фидтæлтиккон исфæлдистадон хæзнатæ æмбурд кæнун æма гъæуай кæнунæн гъæуй:

– наукон æгъдауæй син исаргъ кæнун, сæ бунæттæ син исбæлвурд кæнун;

– еу си инней хæццæ рабаргæй æдзохæй ахур кæнун;

– ирон адæмон æвзаг, хумæтæги барадæ археологийæй ци исфæлдистадæ æмбурдгонд æма мухургонд æрцудæй, уони мухури рауадзун...»

Ирон филологон æхсæнадæ агъаз кодта сауæнгæ синхаг адæмтæн дæр – уæхæн æхсæнæдтæ исаразуни гъуддаги. Зæгъæн, нуртæккæ дæр ма æхсæнади гъуддæгути фæууинæн ес Таусултан Муллоеви курдиадæ: уомæн «лæвæрд æрцæуæд Уставæй цалдæр экземпляри, Балхъари дæр уæхæн æхсæнадæ исаразуни тухххæй» – финст ес курдиадæбæл.

Æхсæнадæ фæккуста æхсæз анзи æма еци рæстæг æ къохи бафтудæй берæ хуарз гъуддæгутæ. Зæронддæр, тæккæ искурдиадæгиндæр зартæгæнгути фæрци финст æрцудæнцæ Нарти таурæхътæ, зартæ, аргъæуттæ. Æхсæнадæ æййафта æхцайæй гъæуагæдзийнæдтæ, фал уæддæр Дзæуæгигъæумæ æрбацæун кодта адæмон зартæгæнгути æма таурæхъгæнгути Сланти Гахай – Хонсар Иристонæй, Хъалæгати Иналдихъой – Джимарайæй, Хъубадти Елхъани, Туйгъанти Тæтæрхъани æма Уадати Хъубадий – Киристонгъæуæй æма син ниффинста сæ репертуар. Адæми таурæхътæ бунæтти ниффинсуни тухххæй хонхи кæмттæмæ æрвист æрцæуиуонцæ Томайти Хъылци, Гарданти Михал, Æмбалти Цоцко. Нуртæккæ наукон-æртасæг институти архивти ци гъæздуг æрмæгутæ ес, етæ дæр еци æнзти æмбурдгонд æрцудæнцæ. Æхсæнадæ бæргæ исфæндæ кæнидæ ирон адæмон исфæлдистадæ æмбурд кæнуни тухххæй сæрмагонд экспедицитæ аразун, фал, раздæр куд загътан, уотæ, æхцайæй мæгур адтæй æма ин нæ бантæстæй æ фæндитæ исæнхæст кæнун. Æхсæнади иуонгтæ кустонцæ лæвар, архайдтонцæ айдагъдæр феддонти æхцайæй. Фæстæдæр Æхсæнадæ æхецæн исаразта сæрмагонд программæ, кæци æрвист æрцудæй Иристони скъолатæмæ. Скъолатæй уайтæкки дзуæппитæ цæун байдæдта – хумæтæги тетрæдти ниффинсиуонцæ зартæ æма аргъæуттæ æма сæ исæмбæлун кæниуонцæ æхсæнадæбæл.

Цæгат Иристони историон-филологон æхсæнадæ 1925 анзи исхудтонцæ Цæгат Иристони бæстæзонæн наукон-æртасæг институт. Æхсæнади косгутæй еуæй-еуетæ байзадæнцæ институти. Институти хайæдтæй еу идарддæр æнхæст кодта æхсæнади ихæстæ æма минкъий фæстæдæр ниммухур кодта æ цуппар рауагъди дессаг æрмæг ирон адæмон исфæлдистадæй. Е адтæй дессаги хуарз цау ирон адæми еугур културон царди.

Адæмон исфæлдистади хæзнатæ агоруни æма æмбурд кæнунбæл минкъийдæр фудæбон нæ бакодтонцæ Хонсар Иристони бæстæзонунади институти косгутæ дæр. Ци берæ æрмæг æрæмбурд кодтонцæ, уонæй мухури рауагътонцæ æртæ томи: фиццаг томмæ бацудæнцæ Нарти кадæнгитæ, дуккаг томмæ – Даредзанти кадæнгитæ æма æртиккаг томи – аргъæуттæ – «Хонсар ирон адæми уадзимистæ», зæгъгæ.

Адæмон исфæлдистади æрмæг уæлдай активондæрæй æмбурд кæнун, финсун æма мухур кæнун райдæдтонцæ инсæйæймаг æнзти. Зæгъун гъæуй уой, æма еци рæстæг ахургæндтæн устур агъаз ке бакодтонцæ газеттæ æма журналтæ «Власть труда», «Рæстдзинад», «Фидиуæг», «Мах дуг». Уони фæрстæбæл фæззиндтæнцæ Туйгъанти Махарбеги, Къубалти Александри, Æлборти Барисбийи, М. Рклицкийи æма берæ æндæрти уадзимистæ. Уонæми етæ бæлвурд æрдзубанди кодтонцæ Нарти эпоси тухххæй, адæмон исфæлдистадæ идарддæр никки æнтæстгиндæрæй ахур кæнуни тухххæй. Айдагъдæр уæд рабæрæг æй, Нарти æхсæнадæ æртæ хузи адæм ке ’нцæ, е дæр; фонсæй гъæздуг ка адтæй, етæ хундтæнцæ Борætæ, зундæй курухон – Алæгатæ, æхсардзийнадæй лæгигъæдгунтæ ба – Æхсæртæггатæ (уаци автор адтæй Туйгъанти Махарбег).

Еци рæстæг композитортæ Д. Аракчиев, П. Мамулов, В. Долидзе æма ирон композитор Галати Барис устур куст бакодтонцæ адæмон зартæ æмбурд кæнуни гъуддаги. Инсæйæймаг æнзтæй фæстæмæ Галати Барис æ исфæлдистадон архайд æнæгъæнæй дæр иснивонд кодта музыкалон кустæн.

Фиццаг дæс анзей дæргъи нæ адæми интеллигенци хъæбæрразæнгардæй бавналдтонцæ адæмон исфæлдистадæ ахур кæнуни æма æртасуни кустмæ. Цæгат Кавкази хуæнхон бæстæзонæн организацитæ хъæппæресæй 1924 анзи ци Ассоциаци арæзт æрцудæй, уордæмæ ку бацудæнцæ, уæд никкидæр хъæбæрдæр игъусун байдæдта сæ гъæлæс. Мухури кæрæдзей фæдбæл фæззиндтæнцæ Дзагурти Губадий уац: «Бæстæзонунадæ, уомæн æ ихæстæ Цæгат Кавкази адæмти æхсæн», Абайти Васой уац «Бæстæзонунадæ хуæнхаг адæмтæн» æма æндæртæ. Цубурдзурдæй, кæд инсæйæймаг æнзтæ Цæгат Кавкази берæ адæмтæн адтæнцæ адæмон исфæлдистадæ æмбурд кæнуни æма ахур кæнуни организацион райдайæн, уæд Цæгат Иристони ахургæндтæ ба еци рæстæг æрæмбурд кодтонцæ, адæмон исфæлдистадæ æртасæг фольклористтæ æма лингвисттæ нерæнгæ дæр ма кæмæй пайда кæнунцæ, уæхæн дессаги æрмæгутæ. Зундгонд советон ахургонд К. Иеропольскийи 1934 анзи еугурцæдесон журнал «Советская этнография»-йи ци уац ниммухур кодта, уоми хумæтæги нæ баханхæ кодта: «Иристойнæгтæ дзæвгарæ раздæр райдæдтонцæ адæмон исфæлдистадæ æмбурд кæнуни куст, уомæ гæсгæ ба сæ къохи бафтудæй фулдæр æнтæстдзийнæдтæ...»

Нæ адæми исфæлдистадæ æмбурд æма ахур кæнуни куст 30-аг æнзти еуцæйбæрцæдæр фæллæмæгъдæр æй, еуемæй лæдæрд гъуддæгути фудæй, иннемæй ба, еци куст æнхæстгæнæг ахургæндти рæнгъитæй еуæй-еуетæ ке фæгъгъудæнцæ, уой фудæй. Фал бабæй уæдмæ райгъустæй æригон искурдиадæгин ахургонд Абайти Васой гъæлæс – еци рæстæг е куста ССР Цæдеси наукити Академий Ленинградi æвзаги æма гъудикæнуйнади институти. Зæгъун гъæуй уой, æма ирон ахургонди куститæ сауæнгæ райдайæнæй нурмæ ке адтæнцæ теоретикон уагæбæл финст. Абайи-фурт берæ фæсарæйнаг æвзæгтæ ке зудта, е ин равгæ лæвардта нæ исфæлдистадæ алли адæмти исфæлдистади хæццæ исбарунæн æма æцæгдзийнадæ рартасунæн. Гатути Дзахой уадзимис «Амыран»-æн минкъий раздзурд ниффинсгæй, Абайи-фурт равдиста, Даредзанти тухххæй исфæлдистадæ дæр ист ке æй Гурдзий адæмон исфæлдистадæй, фал ин мах адæм ке равардтонцæ нæхе национ менеугутæ. Наукон æгъдауæй аргъ нæййес Абайи-фурти иннæ кустæн «Ирон эпосæй», зæгъгæ. Киунугæмæ хаст æрцудæй дæс таурæхъи Нарти кадæнгитæй. Абайи-фурт сæ ниффинста зартæгæнæг Мæргъити Иликъой дзубандимæ гæсгæ, уруссаг æвзагмæ сæ ратæлмац кæнгæй, бæлвурд филологон æма историон-этнографион комментаритæ син ниффинсгæй.

Хуарз бакодтонцæ Хъазбегти Хъазбег æма Калоти Геуæрги дæр, 1949 анзи ирон адæмон исфæлдистади тухххæй студенттæн-филологтæн сæрмагонд ахургæнæн киунугæ исаразгæй. Уомæй фæстæмæ уæхæн киунугæ уагъд нæбал æрцудæй.

Нæ адæми исфæлдистадæ æмбурд кæнуни, мухури сæ рауадзуни, уæдта наукон æртæстити тæккæ æнтæстгиндæр рæстæгбæл банимайун æнгъезуй 40-50-аг æнзтæ. Нарти кадæнгити хабар райгъустæй синхаг республикитæмæ дæр. Нæ адæми исфæлдистадæ ахур кæнунмæ æма еци куст идарддæр парахат кæнунмæ е ’ргом раздахта хецауадæ дæр. Зæгъæн, 1941-1946 уæззау æнзти е радех кодта гъæугæ фæрæзнитæ паддзахадон бюджетæй аци гъуддаг никкидæр арфдæр бæрæг кæнуни тухххæй.

Æма еугæр Советон хецаудзийнади ауодундзийнади кой кæми ракодтан, уоми ма нæ зæрдæбæл æрлæууун кæнæн мæнæ ауæхæн цау: 1939 анзи газет «Социалистическая Осетия»-йи фæрстæбæл фæззиндтæй Коцойти Арсени æма Плити Гриши уац. Етæ фæдздзурдтонцæ ирон интеллигенцимæ, цæмæй æмбурд кæнонцæ идарддæр нæ адæми исфæлдистадæ. Еци анз газет ниммухур кодта æнæгъæнæ фарс адæмон исфæлдистади тухххæй, мухур кæнун байдæдта адæмон исфæлдистадæй хецæн æрмæгутæ. Рацудæй æдеугурæй æртæ мæйи, æма газети фæрстæбæл фæззиндтæй Мæскуй паддзахадон университети профессор, Уæрæсей Федераций фингути Цæдеси адæмон исфæлдистади секций сæргълæууæг академик Ю. Соколови уац, кæцими е уотæ финста:

«Нисангонд æрцудæй ахсгиаг гъуддаг – Цæгат Иристони исфæлдистадæ æмбурд кæнун æма ахур кæнун айдагъ ирон адæми нæ гъæуй. Уой адæмон исфæлдистадæ дуйней медæгæ тæккæ рагондæр æма гъæздугдæртæй еу æй. Нарти кадæнгитæ адæмти историйæн æнцæ дессаги æрмæг, ес син устур ахедундзийнадæ æндæр адæмти ’хсæн. Æруагæс ми кæнуй, Иристони фингутæ наукон-æртасæн институти косгути хæццæ еумæ никки разæнгарддæрæй ке райдайдзæнæнцæ косун аци фарстабæл, ке базелдзæнæнцæ сæ архивтæмæ, ке исараздзæнæнцæ никкидæр ма экспедицитæ, ке бацæттæ кæндзæнæнцæ мухурмæ еуцалдæр томи кадæнгитæй – айдагъ сæхе маддæлон æвзагбæл нæ, фал уруссаг æвзагбæл дæр. Уомæй рамолдзæнæй айдагъ Иристони аййевадон културæ нæ, фал еугур Советон Цæдеси аййевадон културæ дæр...»

Финстæгæй минкъий фæстæдæр (1940 анзи 12 ноябри) Цæгат Иристони хецауадæ исаразта нарти Паддзахадон комитет. Комитетмæ хунд æрцудæнцæ ахургæндтæ, фингутæ, хузæгæнгутæ Абайти Васо, Борис Скитский, Леонид Се-

менов, Дзанайти Иван, Мамсурати Дæбе, Ардасенти Хадзибатæр, Плити Хадо, Плити Гриш, Туйгъанти Махарбег, Хохти Аслан-Гирей æма Бритъиати Созурухъо (секретарь). Комитет куста Цæгат Иристони наукон-æртасæг институти. 1941 анзи январи, феврали æма мартъий арæзт æрцудæй экспедицитæ адæмон исфæлдистадæ æмбурд кæнуни туххæй. Экспедиций архайдта, дугай-æртигай адæймæгутæ кæми адтæй, уæхæн еуæндæс бригади. Алли бригадæ дæр бабæрæг кодта бæлвурд хуæнхаг район æма, ци гъæздуг æрмæг æмбурд кодтонцæ, уой лæвардтонцæ институтмæ. 1941 анзи кæронмæ æрмæг æмбурдгонд æрцудæй 160 авторон сифей бæрцæ.

Устур куст бабæй бакодта ами дæр, Абайти Васо разамунд ци бригадæн лæвардта, е. 1943 анзмæ бацæттæ кодта мухурмæ 5 томи адæмон исфæлдистадæй æма си мухурæй рауагъта хецæн киунугæ.

Нарти кадæнгитæ мухури уруссаг æвзагбæл рауадзуни туххæй дзубанди ку рауадæй, уæд Мæскуй дæр арæзт æрцудæй нарти Еугурцæдесон комитет. Ами дæр архайдтонцæ тæккæ искурдиадæгиндæр поэттæ-тæлмацигæнгутæ, хузæгæнгутæ. Нарти кадæнгитæ прози æма æмдзæвгити хузи мухургонд æрцудæнцæ уруссаг æвзагбæл 1944, 1948 æма 1949, 1957 æма 1960 æнзти. Ирон æвзагбæл ба, 1946 анзи ци æмбурдгонд рацудæй прозæй, уомæй уæлдай ма æмдзæвгити хузи мухургонд æрцудæй никкидæр еу æмбурдгонд – 1949 анзи. Устур æй еци æмбурдгæндтæн сæ гъомбæладон ахедундзийнадæ æма аййевадон федауцæ. Адæм сæ кæсунцæ æма ахур кæнунцæ æхцæуæнæй.

Ирон адæмон исфæлдистадæ ахур кæнуни гъуддаги ахсгиаг цаубæл банимайун гъæуй Абайти Васой киунугæ «Нарти эпос», зæгъгæ, уой рауадзун. Аци бундорон куст банхæст кæнун автори къохи бафтудæй е ’новуд фæллойни фæрци 1941-1943 æнзти – еци рæстæг Абайифурт зæрдиаг куст бакодта Нарти эпос наукон æгъдауæй рауадзунбæл.

Цубурдзурдæй, 40-аг æнзти нæ адæмон исфæлдистадæ æмбурд кæнунбæл æма ’й идарддæр æртасунбæл ци ахсгиаг куст рапарахат æй, е никки бæлвурддæрæй раргом æй 1956 анзи. Уæд арæзт æрцудæй наукон конференци сахар Орджоникидзей. Наукон конференци исараztонцæ М. Горькийи номбæл дуйнеуон литератури Институти æма Цæгат Иристони наукон-æртасæг институти косгутæ æма имæ хунд æрцудæнцæ Мæскуй, Цæгат Кавкази æма Фæскавкази ахургæндтæ.

Конференций ахсгиаг докладтæ искодтонцæ Калоти Барис – «Куд фист цудæнцæ æма куд мухургонд цудæнцæ Нарты эпосы æрмæг», Ардасенти Хадзибатыр – «Нарти эпос æмæ ирон литератури туххæй». Леонид Семенов – «Нарти эпос æмæ материалон культури хæзнатæ», Калоти Геуæрги – «Ирæнтти нартон эпос», Абайти Васо – «Нарти эпоси проблемитæ» æмæ Е.М. Мелетинский – «Ци бунат ахæссунцæ Нарти кадæнгитæ эпоси историй».

Фæстæдæр (1957 анзи) конференций æрмæгутæ хецæн киунугæй мухурæй рауагъта Цæгат Кавкази наукон-æртасæг институт.

Зæгъун гъæуй уой, æма конференций æрмæг хъæбæр ке фæййагъаз æй адæмон исфæлдистадæ идарддæр æма никки бундорондæрæй ахур кæнунæн, хъæбæр исразæнгард кодта наукон косгути сæ фæрнæйдзаг ихæстæ хъæппæресгундæрæй æнхæст кæнунмæ.

Дуккаг уæхæн конференци ма адтæй Сухумий 1963 анзи. Уоми дæр дзубанди цудæй нарти эпосбæл. Ирон адæмон исфæлдистадæ æртасгутæй си архайдтонцæ Абайти Васо, Æлборти Барис, Абайти В.В., Биазæрти А.Х. Гагкайти Хъазан, Гæбæрати С.Ш. æма æндæртæ.

Зæгъун гъæуй, 50-60-аг æнзтæ нин зæрдæбæлдаруйнаг æнцæ уомæн, æма нæмæ уæд дзæвгарæ фæффулдæр æнцæ фольклористтæ, уæдта адæмон исфæлдистадæ ахур кæнун ке байдæдтонцæ хецæн жанртæмæ гæсгæ. Е фадуат лæвардта нæ адæмон исфæлдистадæ никки арфдæр базонунæн. Еци æнзти дæргъи нæмæ фæззиндтæй никкидæр ма наукити еу доктор æма æхсæз кандидати. Сæ куст идарддæр кодтонцæ нæ зундгонд ахургæндтæ Æлборти Барис æма Абайти Васо. Уони фарсмæ райрæзтæнцæ æригон талатæ: Мамиати Надинæ, Гуриати Тамерлан æма никки æндæр нифсдæттæг ахургæндтæ.

Нарти эпоси кой ахидæй-ахиддæр кæнун байдæдтонцæ философтæ. Зæгъæн, Гæбæрати С. æма Къæбисти П. сæ уацти бæлвурд æрдзубанди кодтонцæ Нарти эпоси исаразгути этики æма меддуйней туххæй. 1954 анзи мухурæй рацудæй Санахъоти П. киунугæ «Хонсар Иристони советон фольклор». Автор, граждайнаг тугъди бæгъатæрти туххæй зартæбæл дзоргæй, æвдесуй сæ федар бастдзийнадæ нæ адæмон традицион зарти хæццæ.

Ирон адæми аргъæутти хъисмæт рартасун – уæхæн ихæс æ размæ исæвардта Биазæрти А. Ирон зарти адæмон музыкæ, зæгъгæ, уæхæн фарстабæл æновудæй бакустонцæ музыковед-фольклорист Цхурбати К. æма композитор Хаханти Дудар. Æхцæуæн гъуддагбæл ма банимайун гъæуй уой дæр, æма еци æнзти дæргъи мухурæй ке рацудæй Салæгати Зойи æмбурдгонд «Ирон адæмон сфæлдыстад», зæгъгæ, дууæ томемæй. Адæмон уадзимистæ фиццаг хатт фæууидтонцæ рохс уотæ æнхæстæй æма æнæгъæнæй. 1959-1962 æнзти Цхинвали фиццаг хатт мухурæй рацудæнцæ «Ирон адæмон аргъæуттæ» æртæ томемæй. Æрæмбурд сæ кодта Биазæрти А. Фиццаг хатт фæззиндтæнцæ æнхæстæй мухури «Ирон адæмон зарджытæ» дæр. Устур куст бакодтонцæ аци æмбурдгонд рауадзунбæл композитор Галати Барис æма Е.В. Гиппиус. Киунугæ рацудæй ирон æма уруссаг æвзагутæбæл, ес си нотитæ, комментарийтæ.

Циуавæр ихæстæ лæууй мадта нуртæккæ нæ берæ ахургæндти размæ нæ адæмон исфæлдистадæ идарддæр ахур кæнуни гъуддаги? Зæгъдзинан уой туххæй дæр.

Фиццагидæр байархайун гъæуй уобæл, цæмæй нæ Нарти эпос æма историон зартæ мухургонд æрцæуонцæ академион уагæбæл. Адæмон исфæлдистадæ ахур кæнун гъæуй хецæн жанртæмæ гæсгæ, цæмæй си алкæмæн дæр финст æрцæуа æхе истори. Е ку нæ уа, уæдта хуарз уидæ фарстай фæдбæл хецæн очерктæ ниффинсун – е уодзæнæй æнæмæнгæ гъæугæ ахургæнæн æрмæг университети студенттæн, ирон æвзаги ахургæнгутæн. Æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг æй нæ адæмон исфæлдистади хабæрттæ идарддæр финсун æма сæбæл наукон æгъдауæй косун. Гъæуама нæ национ фольклорæн арæзт æрцæуа аннотацигонд библиографи. Бæргæ хуарз уидæ, нæ адæмон сфæлдыстады хæзнатæ кæми цæуонцæ, уæхæн сæрмагонд альманах уадзун нæуæгæй байдайун (мухури уæхæн фæрæзнæ кæддæр бæргæ бæргæ адтæй, æ фæстаг, фæндзæймаг номер рацудæй 1945 анзи).

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Аци уац Габисати Светланæ æма Хæмицати Тамарæ бацæттæ кодтонцæ 1974 анзи. Дзубанди си цудæй Иристони адæмон исфæлдистадæ æртасæн куст советон доги дæс æма инсæй анзей дæргъи куд райрæзтæй, уой туххæй. Фæстæдæр ма аци гъуддаги нæ ахургæндтæн ци бантæстæй, уой туххæй ба уæ базонгæ кæндзинан «Царди айдæнæ»-йи иннæ рауагъдтитæй еуеми.*






Зулун еудадзугдæр рæстдзийнадæбæл дзоруй, рæстаг ба æ рæстдзийнадæ гъуддæгутæй æвдесуй!..

*Нæ рагфидтæлти згъдтитæй: «Æфсойнæ, дан, галæн уотæ бауайдзæф кодта: «Нæбал ди фæразун, дæ рацо-бацойæй...» Гал, ба, дан, ин уотæ: «Æз ба дæу рахæссæ-бахæссæй нæбал фæразун...»*



# АМОНД АДÆЙМАГÆН ÆХЕЦÆЙ ЦÆУЙ

*Уæрæсейæгтæй уотæ ке бафарстонцæ, уæхе кæд амондгунбæл нимайетæ, уæд цæй фæрци, зæгъгæ, уæд уонæн сæ æртиндæс æма инсæй процентi байамудтонцæ сæ бийнонтæ, фиццаги-фиццагидæр, уой амондæй амондгун æнцæ. Æма æцæгæйдæр, адæймагæн æ амонд æ бийнонтæй ке цæуй, е æнæмæнгæ раст ке 'й, уобæл ни нæ фулдæр исарази уодзæнæй. Нæ адæмон исфæлдистади хæзнадони дæр уой фæдбæл берæ цæмæдессаг хабæрттæ разиндзæнæй. Мæнæ сæ еу.*

## АЛКЕДÆР Æ АМОНДМÆ ГÆСГÆ ЦÆРУЙ

Паддзахмæ, дан, еу уосæ агъазгор бацудæй. Уæд æй паддзах фæрсуй:

– Хуарз уосæ, æма дин неке ес, мæнæй æндæр дин ка фæййагъаз кæна, уæхæн? Цæуæт, хæстæгутæ?

– Куд нæ, куд нæ! Авд фурти мин ес, фал сæ фадуат нæ амонуй.

– Æма дæ авд фурти цæмæн багъудæй? Мæнæ еу мæн хузæн фурт ниййардтайсæ æма дæ мæгургор цæун нæ гъудайдæ.

– Дæу хузæн? Дæу хузæн фурт гъæуама паддзахæй райгура. Ду дæр дæ лæгдзийнадæй паддзах нæ дæ, фал паддзах фидæй райгурдтæ. Дæ амонд уæхæн адтæй, æндæр мæ фурттæ дæуæй ниллæгдæр нæ 'нцæ. Фал сæ фидæ зæнхкосæг адтæй. Сæ амонд уæхæн æй.

Паддзах уоси æргом дзубандитæбæл арф гъудити ранигъулдæй, æ зæрдæмæ фæццудæнцæ æма ин фæййагъаз кодта.

*Аци хабари силгоймаг мулки кой кæнуй, цæмæй æ бийнонтæн хузæнон цардиуагæй фæццæрунæн гъæугæ фадуæттæ уа. Е бæргæ раст æй, æма бийнонтæн сæ цард арæзунæн фагæ фæрæзнитæ гъæуама уа, зæгъгæ, уобæл секк неке кæнуй. Фал мулк адæймаги дæр æма æ бийнонти дæр амондгун куд кæнуй, уотæ сæ æнамонд дæр фæккæндзæнæй, æгæр зудæ æма æнæфсес ку уонцæ, уæд. Мæнæ уин уой фæдбæл еума фидтæлтиккон таурæхъ.*

## МУЛКИ УÆЗÆ

Цардæнцæ æма адтæнцæ дууæ синхони. Сæ еу гъæздуг – фонсæй сæудегергæнæг, иннæ мæгур – зæнхкосæг. Гъæздуги хæдзарæ адтæй устур, мæгурæн ба – минкъий къæс. Устур тургъæ алкæддæр адтæй сабур, игъæлдзæг адæймаги дзубанди си некæд райгъустæй. Мæгури тургъæй ба игъустæй цардиi гъæр.

Бийнонтæ алкæддæр цидæртæ архайдтонцæ, хæдзари зилдтитæ кодтонцæ, цудæй сæмæ иуазгутæ, хæстæгутæ æма сæ игъæлдзæгдзийнади æзгули сæ синхонтæмæ дæр игъустæй. Гъæздуги уосæ сæмæ сæ уæлхæдзарæй, æхе къæлæтгинбæл рауадзгæй, сæрæй бунмæ ахид кастæй, æма син сæ игъæлдзæгдзийнадæмæ æ зæрдæ рохс кодта, хицæ сæмæ кодта. Гъудити ранигъулидæ, мах гъæздуг ку ан, алцæмæй æнхæст, уотемæй – æнкъард, сагъæсхуз, царди адæ ку нæ лæдæрæн; етæ махæй æгудзæгдæр ку 'нцæ, марамæлай къæбæрæй ку цæрунцæ, уæд сæмæ еци цæруни нифс æма разæнгарддзийнадæ кæцæй цæуй? Еуæхæни еци фарста равардта æ лæгмæ, æма ин е уотæ бакодта:

– Етæ игъæлдзæг уомæн æнцæ æма мæгур æнцæ. Мулки уæзæ æнцон хæссæн нæ 'й. Фæндуй дæ, æма син æз сæ игъæлдзæгдзийнадæ фæссорон?

– Куд? Фуддзийнадæ син маци бакæнæ! – фæттарстæй уосæ.

– Нæ-æ. Анзи æмгъудмæ син инсæй сугъзæрийнæ соми æфстау ратдзæнæн, уæхецæн си ести испайда кæнетæ, зæгъгæ, æндæр неци.

Лæг куд загъта, уотæ бакодта. Æма уайтæкки мæгур лæги тургъæ ниссабур æй. Бийнонтæбæл катай æма сагъæс бафтудæй еци инсæй сугъзæрийнæ сомей тухxæй. Еуæй, куд си пайда кæнонцæ, уобæл гъуди кодтонцæ, иннемæй ба син радавунæй тарстæнцæ æма мæти бацудæнцæ...

*Нæ фидтæлтæй нин байзадæй уæхæн загъд: «Мулки фæдбæл берæ адæм исæфуй!..» Уой афойнадæбæл ка балæдæруй æма зунди хуасæ кæмæн разиннуй, е фидбилизæй фæййервæзуй, уой хæццæ ба ма æ кæстæртæн дæр ниффæдзæхсуй: «Мулкæй æфсес нæййес, æма ин æ бæрцæ лæдæретæ, æма си уæхе ма дæнгæл кæнетæ, цæмæй уæ ма бабун кæна...» Мæнæ уин уой фæдбæл дæр еума таурæхъ.*



## ЛÆГЪУЗ АХУР ФИДБИЛИЗ ÆЙ

Еу гъæуи æрæнгардæнцæ нæуæг цæргутæ цалдæр хæдзаремæй. Хæдзæрттæ арæзунмæ, дзæхæрати кустмæ февналдтонцæ. Бунæттон цæргутæ дæр сæмæ ци амал æма гæнæн адтæй, уомæй сæ гъос дардтонцæ. Уæдмæ фæззæг дæр ралæудтæй, тиллæг æфснайæн рæстæг. Æма дессаг: бунæттон цæргутæн сæ сæнæфсери, сæ рæзи тиллæг æхсæвигæнтти исæфун райдæдта. Багъæуай кодтонцæ давгути. Етæ разиндтæнцæ нæуæг цæргутæ. Ци нæ син фæккодтонцæ хуарзæй, тузмæгæй, ма даветæ, давун лæгъуз æй, зæгъгæ. Фал сæ нæ басастонцæ.

Æрæмбурд æнцæ зæронд цæргутæ сæ унаффæдони æма сагъæс кæнунцæ, мадта син ци амал искæнæн, зæгъгæ. Уæд си еу курухон лæг фæндæ бахаста:

– Гъæйдæ, æма син сæ дзæхæрати сæнæфсерæ ниййаразæн. Сæхемæ рæзæ æма сæнæфсерæ ку уа, уæд нæбал давдзæнæнцæ!

Исарази æнцæ æ фæндæбæл. Сæ дзæхæрати син ниййаразтонцæ аллихузон рæзæбæлæстæ, сæнæфсерæ.

Рацудæй æртæ анзи. Уал анзи син, исонибони нæбал давдзæнæнцæ, зæгъгæ, бухстæнцæ. Фал сæ рæзæдæнтти алцидæр ку фæззиндтæй, уæддæр сæ ахур нæ ниуугътонцæ. Æма бабæй сагъæси бацудæнцæ бунæттон цæргутæ.

Лæгъуз ахур фидбилиз æй. Адæймаг си æнцонтæй нæбал рахецæн уй.

*Нæ рагфидтæлтæй ма нæмæ æрбахъæрдтæй мæнæ ауæхæн зундгин загъд: «Амонд – кустагор, æнамонд – дзæмагор...» Уой, æвæдзи, уомæ гæсгæ загъуонцæ, æма æдзæсгон адæймаг æхецæн царди фæрæзнитæ аразунбæл æхецæн нæ зин кæнгæй, еске амонди, гъома, фæллойни бæркадæй цæрунмæ ба не 'фсæрми кодта, раниxъуæридæ си, ци ин бантæсидæ радавун, уойбæрцæ. Цийфæнди ку уидæ, уæддæр сæ гириззаг миутæ ба рагом уиуонцæ...*

## МУД ДАВÆГ

Еу лæгæн æ муди бæтман радавтонцæ. Е байевдалæй, æма гъæуихецæумæ æ гъаст бахаста. Гъæуихецæу адæми къæнцилармæ æрæмбурд кодта æма сæмæ дзоруй:

– Нури уæнгæ нæмæ давд нæ адтæй, нур нæмæ фæззиндтæй, æма еци давæг нуртæккæ дæр нæ астæу æй, бæрæгæй зиннуй, сумах дæр æй уинетæ. Кæсайтæ имæ: æ ходæбæл биндзитæ куд æрæмбурд æнцæ!

Давæг æцæгæйдæр адæми астæу лæудтæй: еци загъдмæ ходæ æ сæрæй фелваста æма имæ ракæс-бакæс кæнун байдæдта.

## ÆЗ СИ БОНÆЙ КУ НЕЦИ ЕРУН...

Давæг æхсæвигон еу мæгур хæдзарæмæ бабурдæй. Хæдзари хецау æй бадзута æма имæ дзоруй:

– Гормон, тог дæбæл ниууара! Æз си бонигон ку неци ерун, уæд си ду æхсæвигон ци иссерунмæ гъавис?..

*Рæстзæрдæй æхе фæллойнæй æ царди амонд аразунбæл ка архайа, е æ сæрмæ некæд æрхæсдзæнæй еске мулк радавун, еске фæллойни бæркадæй сосæггай æхе фæххайгин кæнунмæ. Уомæн дæнцæн – мæнæ аци таурæхъ.*

## РАСТ ЛÆГ

Цардæнцæ æма адтæнцæ æртæ æнсуæри. Уонæй дууæ адтæнцæ къæрнихтæ æма кодтонцæ давуни куст. Æртиккаг ба адтæй раст лæг. Еухатт æй æ уосæ еу рауæн нæбал уагъта:

– Ду дæр ести радавай. Де 'нсуæртæмæ нæ кæсис?

– Хуарз, – исарази æй лæг.

Еу æхсæвæ рандæй давунмæ æма æхе гъог радавта, фæдздзурдта æ уосæмæ æма 'й равгарстонцæ. Лæг загъуй æ уосæн:

– Цирагъ рахæссæ æма 'й растъегъæн...

– Уосæ цирагъ рахаста æма уой рохсмæ сæ гъоги ку базудта, уæд æ ростæмæ фæллæбурдта.

Уæд имæ лæг дзоруй:

– Гормон, нур æй балæдæрдтæ? Æз ке гъог радавон, е дæр уотæ æрдеуагæ кæндзæнæй æма тæрегъæд æй, тæрегъæд!..

*Æцæгæй амонд ци æй, адæми æхсæн ин ци нисанеуæг ес, уой уоди кæдзосдзийнадæй ка лæдæруй, е айдагъ æхецæн нæ фæууй амондхæссæг, фал ма иннетæн дæр исуй амонддæттæг. Бакæсайтæ мæнæ аци таурæхъ æма баууæндзинайтæ уотæ ке 'й, уобæл.*



## УАСГЕРГИ ÆМА АДÆМ

Адæмæн уарзон æма адæмбæл зæрдæй ауодæг æй рагæй дæр зæлдагæзакъæ Уасгерги. Еухатт бабæй æхе уæларвæй æруагъта зæнхæмæ, адæм куд цæрунцæ, ци гъæуагæ 'нцæ, цæмæй син фæййагъаз кæна, уой базонуни тухxæй. Кæсуй æма зæнхæбæл цард игъæлдзæгæй ивулуй. Адæм цæрунцæ фæрнуг æма райдзаст хæдзæрттi-галауанти. Кувдтити æма киндзæхсæвæрти æзгули игъусуй сахартæ æма гъæутæбæл. Фингитæбæл – дессаги бæркад-берекет.

Адæм цийнæ кæнунцæ Уасгергибæл, хонунцæ 'й сæ фингитæмæ. Дзорунцæ ин:

– Дæу фæрци, дæу фæрци æй нæ цард! Гъæуагæ нецæмæй ан, нецæмæй гъаст кæнæн. Айдагъдæр ма нин алкæмæн дæр æ мæлæти бон ку базонун кæнисæ. Цæмæй, ци цæрæн, еци рæстæг хуæздæр рарветæн.

Уасгерги син загъта, уой зонун уæ нæ гъæуй, зæгъгæ, хуарзæй уин неци æрхæсдзæнæй. Фал имæ нæ байгъустонцæ, сæ курдиадæ-бæллец тухгиндæр разиндтæй, æма син Уасгерги равардта сæ мæлæн бон зонуни гъомус, уæдта е 'ртæкъахуг бæхбæл арви мегътæй фæууæлдæр æй.

Рацудæй дзæвгарæ рæстæг. Дууæ фæлтæри кæрæдзей æййивтонцæ, уотæ Уасгерги сосæни мæйи исфæндæ кодта, æ мæлæн бон ка зоной, еци адæми бабæрæг кæнун, ци фæцæнцæ, куд цæрунцæ, уой базонун. Æрхизтæй зæнхæмæ. Цæуй, кæсуй фæйнердæмæ æма уинуй: еу хумæгæнæг нæуæгкарст кæрдæгæй аразуй неци-маци хъалагъур, листæнæн дæр си калуй цъифæ кæрдæг. Дзоруй имæ Уасгерги:

– Байрайæ, хуарз лæг! Аци тæвди ци косис?

– Мæхецæн хæдзарæ аразун.

– Хæдзарæ дæр æма листæн дæр цъифæ кæрдæгæй аразис?

– Гъо, – цубур дзуапп равардта лæг.

– Кæрдæгæй хæдзарæ цæйбæрци фагæ 'й? Цъифæ листæнбæл ба исон-

*Нæ рагфидтæлти зæгъдтитæй:*
*«Еу лæг цулухътæ иссирдта æма бацийнæ кодта: «Атæ мин дзабуртæн дæр æма зæнгæттæн дæр ку бабæздзæнæнцæ!..» Æма цулухъти гъостæ ралух кодта...*



мæ ку фæххуссай, уæд фæссæйгæ удзæнæ.

– Уадзæ æма фæссæйгæ уон, уæддæр исон мæлгæ кæндзæнæн. Хæдзарæ дæр æхсæвæ мæ фагæ 'й, исон мæ фæсте дор дæр мабал уæд.

Уасгерги рамæстгун æй, æ бæх æхсæй æрцавта æма дæлæ фæттæхуй. Æрзилдæй гъæутæ æма сахартæбæл. Исæдзæллаг æнцæ, хæдзарæ си хæдзари хузæн нæбал æй, нæуæг хæдзарæ некебал аразуй, зæронд хæдзæрттæ цалцæг нæбал кæнунцæ. Игъæлдзæг дзубанди некæцæй бал игъусуй. Адæми цæсгæнттæй медбилтихудт фæллигъдæй, æрæнкъард æнцæ, сагъæссаг, мæрдон цæстингас æвдесунцæ. Зар басабур æй бæстæбæл.

Æ размæ рацудæнцæ хестæртæ, сæ уæргутæбæл æрлæудтæнцæ. Æма имæ дзорунцæ лигъстæгæнгæй:

– Дæ сæрбæл хаст фæуæн, Уасгерги, ниххатир нин кæнæ нæ рæдуд гъуди. Нæ раздæри уавæри нæ фæстæмæ исæвæрæ. Нæ нæ гъæуй нæ мæлæн бон зонун. Зудтан, зæнхон адæймаг æнæ мæлгæ нæй, фал адзал нецæмæ дардтан, мæлæт нæбæл ке нæ фæттухгиндæр удзæнæй, уой нифсæй цардан. Зардтан æма кафтан, галауантæ аразтан æностæмæ нæ цæуæти цæуæтæн, хæлæрттæ æма знæгтæ дæр кодтан нæ фæстагæнттæн. Нур нин нæ мæлæн бон зонун нæ нифс, нæ хъаурæ расаста, байста нин нæ лимæнти, не 'знæгти, нæ фæстагæнтти. Цæрун нæмæ нæбал цæуй. Райсæ нин бæлаххæссæг зонундзийнадæ, раттæ нин цардмæ, федæнмæ уарзондзийнадæ.

Уасгерги исарази 'й сæ фæндæбæл, æма бабæй адæм аразун райдæдтонцæ æносон хæдзæрттæ, галауантæ, цæрæццаг зартæ æма кадæнгитæ кæнун.

Аци таурæхъмæ гæсгæ ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма цардæн æ исаразуйнаг гъуддæгутæбæл арæхун гъæуй. Уотæ ку нæ уа æма дæ сагъæстæ, абони ци бакæнун гъæуй исонибони хуарзæн, уобæл кæ нæ уонцæ, уæд уæлзæнхон цардæн æ медес усхъуммитæ кæнуй.

***Амонди фæдбæл дзубанди бабæй раздæхæн бийнонти хабæрттæмæ. Æцæг амонд бийнонти амонд ке æй, уобæл, ку зæгъæн, секк неке кæнуй. Еци амондæй ци адæймаг фæххайгин уа, уой цардæфсес исхонун æнгъезуй, уой зæрдæ рохсидзаг кæнуй царди цийнитæй... Фал си æнæ хай ку уа, уæлдайдæр ба æ цæуæт, уæдта 'й нецибал фæттавуй, неци 'й фæрразæнгард кæнуй. Уой фæдбæл еума таурæхъ.***

## ЗУНДГИН ХЪÆРÆУ ЛÆГ

Мæйдар æхсæви хъæрæу лæг фæцæйцудæй гъæунгти, æ къохи цирагъ, уотемæй. Æ синхон лæг ибæл исæмбалдæй æма 'й фæрсуй:

– Дес дæбæл кæнун, мæ синхон, дæуæн ба талингæй-рохсæй ци уæлдай æй: цæмæн дæ гъæуй, ци дин агъаз кæнуй цирагъи рохс?

Хъæрæу лæг бахудтæй æма ин дзуапп равардта:

– Аци цирагъ æз айдагъ мæхе туххæй нæ хæссун, фал дæу туххæй дæр, цæмæй мæбæл дæхе ма искъуæрай.

***Амонд гъæуама царди аразæг уа, хуæздæрæй-хуæздæрмæ 'й æййева. Æцæг уой дæр лæдæрун гъæуй æма цардæн ес æхе æнæраййевгæ фæткитæ, æма уони ба æзгелун нæ, фал си зундгинæй пайда кæнун гъæуй. Бакæсайтæ мæнæ аци таурæхъ дæр æма расагъæс кæнетæ.***



## ЛÆГЪУЗДÆР МАХМÆ ÆРХАУДТÆЙ

Раздæр хуæнхбæсти ирон адæм устур бийнонтæй цардæнцæ. Цæуæт берæ кодтонцæ. Адтæй уæхæн лæг æма уосæ дæр сæ сувæллæнттæ дæс æма инсæй кæмæн адтæнцæ. Авд æма уомæй фулдæр фурттæ кæмæн уидæ, еци бийнонти фæрнгун хæдзарæ худтонцæ. Авд хуасдзауи, авд гъæддзауи, авд тугъдони ци хæдзари уидæ, е хиццаг адтæй, алцæмæй дæр æнхæст: нифсæй, хъаурæй, есбонæй. Берæ бийнонтæн æнцондæр рахъæртун уидæ хуæнхаг зин æма æвадуат царди куститæбæл, тухмиуи уагæбæл сæмæ неке æндиудта. Хумæтæги нæ байзадæй загъдæн: еунæг мæгур æй, алкедæр ибæл тухгиндæр кæнуй, зæгъгæ. Гъе уомæ гæсгæ хæдзари биццеутæ уоститæ корун ку райдайиуонцæ, уæд нæ тагъд кæниуонцæ байуарунбæл, бийнонтæй рахецæн унбæл. Цардæнцæ еу хæдзари хецæн уæтти, сæ куст, сæ хуæрдæ ба адтæй еу. Киндзитæ цæуæт кодтонцæ, сæ гъомбæл кæнун ба фулдæр кастæй нана æма бабамæ. Еци гъуддагмæ сæхе хæдзари куститæй нæ евдалдæй.

Берæ бийнонти 'хсæн сувæллæнттæ дæр адтæнцæ алли куститæбæл хуæст, æмхузонæй сæ рæвдудтонцæ, æ бæдолæн си гъолон миуæ неке кодта. Уæлдайдæр ба сæ фидтæлтæ. Фидæ æ бæдоли æ номæй дæр нæ худта. Дзурдта имæ «биццеу», кенæ «кизгæ». Сæ нанайæн, бабайæн адтæнцæ «уорс уæрикитæ», «фуркъатæ», фиди уæхæн æнкъарæн равдесун æгъдау нæ уагъта, æма еуæй-еу хатт биццеу кенæ кизгæ æ фиди базонидæ, ку байуариуонцæ, уæд.

Еуæхæни, дан, Курттати коми еу устур бийнонтæ иуарунбæл ниллæудтæнцæ. Гъуддаг æгъдаубæл, æнæзæрдихудтæй рахецæн æй. Фал сувæллæнттæй еу биццеу æ зæрдихалæн кудæй иуаргути æхемæ æркæсун кодта æма 'й бафарстонцæ, ци кæнис, цæбæл кæуис, зæгъгæ. Биццеу син хæкъурццæй кæугæй уотæ зæгъуй:

*– Лæгъуздæр махмæ æрхаудтæй!..*

Иуаргутæ уæд нæ балæдæрдтæнцæ биццеуи дзуапп, фал бийнонти хæццæ ку радзубандитæ кодтонцæ, уæд рабæрæг æй, æнсувæртæй еу ниуазагæ ке æй. Биццеуи зундирахастæй иуаргутæ бийнонти есбонадæ нæ иурстонцæ, фал æнсувæрти, æма ниуазагæ уонæмæ æрхаудтæй. Е æ фидæ разиндтæй.

***Кæстæртæ сæ ниййергутæй гъæуама сæрустур уонцæ. Фал ниййергутæ дæр сæ кæстæртæй гъæуама боз уонцæ. Гъулæггагæн, алкæд уотæ нæ рауайуй...***

## НУР МÆХЕ МАРГÆ РАКÆНОН

Асæбе æ цæуæти фудаг æма æнæсæрфат миутæй бафæлладæй, кæуни уæнгæ æй бакодтонцæ æма гъарæнгæгæнæгау æ синхонæн дзоруй:

– Мæ уод мин бахуардтонцæ сæ минкъийæй абони уæнгæ. Мæхе сабийдоги мæгурдзийнæдтæ гъуди кæнгæй, архайдтон, мадта син е дæр уа, мацæмæ гъæуагæ уонцæ. Мæхе феронх кодтон – алцидæр уонæн. Æма, уæлæ Æхсарони цæуæти хузæн ахур æма размæ цæунбæл ку фæцайуонцæ, уæд сæбæл фæсмон бæргæ нæ кæнинæ...

– Асæбе, Æхсарон сæ седзæртæй, æнæ фидæй фæгъгъомбæл кодта. Седзæр цæуæт ба царди уæзæ раги базонунцæ.

– Гъома, нур мæхе рамарон? – никкудтæй Асæбе!

## КЕЗУЙ КА ЦÆУДЗÆНÆЙ

Дзуаригъæуи Гулийи синх сæ фонсæн гъонгæс нæ дарунцæ, кезугай сæ хезунцæ. Æргъаумæ ка цал уæси расъкъæруй, уал бони сæ хезуй. Еуæхæни бабæй Тхостати бийнонти кезу ралæудтæй, æма сæ биццеу, радгæс цæунæй ка бафæлладæй, е æ фидæн уотæ зæгъуй:

– Баба, нæ сторвонс æгæр исберæ 'нцæ. Нæ кезу ниддаргъ уй, æма ми гъонгæс рауайуй. Мадта син хуасæ æркæрдун дæр цæйбæрцæ багъæуй, уой дæхуæдæг фæууинис. Рауæйæ сæ кæнæн. Зин дарæн æнцæ.

Фидæ имæ ездонæй байгъуста, уæдта ин карзæй уотæ зæгъуй:

– Биццеу! Далæ гъæуæнхæсткоммæ ниццо, æма си дæубæл цал уæси финст ес, уони рауæйæ кæнæ!

Цал си гъæуама рауæйæ кодтайдæ биццеу, кæд æма сæ фонс еугурæйдæр фидæбæл финст адтæнцæ, уæд?

Еу дзæвгарæ рæстæги фæсте бабæй нæуæгæй æрлæудтæй сæ кезу, æма бабæй сæумæй фидæ æхе бæлццон арæзт ку кодта, уæд фурт дæр, фидæ æй куд фæууидтайдæ, уотæ æ хъæппæлтæ райста.

– Биццеу, абони нæ кезуй цæун гъæуй, е ди нæ феронх æй?! – фæрсуй æй фидæ.

– Кезуй цæудзæнæй, далæ гъæуæнхæсткомми уæситæ финст кæбæл æнцæ, е, – загъта биццеу.

***Адæймаг айдагъ æхе бийнонти амондæй райдзаст нæ уодзæнæй. Царди медæгæ ма 'й уомæн берæ цидæртæ багъæуй. Фиццагидæр – æрдхуард унмæ арæхсун. Гъæубæсти дæр æма еуварсдæр рауæнти уæхæн æрдхуæрдтæ кæмæн уа, æцæг амондгун е уодзæнæй...***



## «ÆМА МÆ Æ ЗÆРДИ АРТÆЙ ТАВУЙ...»

Кæддæр хуæнхбæсти еу æригон лæхъуæн æ цæстæ æрæвардта гупгæнгæ гъæзти æндæр гъæуккаг саулагъз рæсугъд кизгæбæл. Е 'ставд бид дууæ дзиккой кафгæ-кафун æ фæсонтæбæл æмæзмæлд куд кодтонцæ, уой дæр ма бафеппайдта. Кегъæрейæн аййевæй баладæрун кодта, æ хæццæ мæ ракафун кæнæ, зæгъгæ. Ракафтонцæ. Зæрдæ зонагæ 'й, фæззæгъунцæ. Кизгæ бафеппайдта тæлтæг лæхъуæни рахаст. Æ зæрдæмæ фæццудæй.

Цæйбæрцæ рæстæг рацудæй, ка 'й зонуй, фал лæхъуæнæн æнæ еци рæсугъдæй æ бон цæрун нæбал адтæй. Æ къах æй еци гъæуæй нæбал хаста. Æ уавæр ин лæдæрдтæнцæ æ берæ хæлæрттæ, е 'рдхуард æнсувæр. Хестæрти гъости 'й бацагътонцæ, фал кизгæн æнæлæгмæцуд хуæрæ адтæй – нæма 'й лæвардтонцæ. Æма 'й уæд исфæндæ кодтонцæ раскъæфун. Сæ фæндæ исæнхæст кодтонцæ еу зуймон бон. Дондзаути æхсæнæй æй фæххецæн кодтонцæ, сау нимæти 'й батухтонцæ, бæхбæл æй багæлстонцæ, æма 'й дæлæ фескъæфунцæ.

Сæрдигон хуæнхбæсти цъæсти кæмифæнди дæр баримæхсæн ес, æхсæвигон дæр си не 'суазал уодзæнæ. Зумæг еци уавæртæ унгæг æнцæ. Æма сæ фæсте фæдеси ка рацудæй, уонæй сæхе баримæхсун сæ къохи нæ бафтудæй. Байстонцæ кизги, æрахæстонцæ лæхъуæни. Иннети рауагътонцæ, адæм син тæрхонгæнæг уодзæнæнцæ, зæгъгæ.

Кизги фидæ æгъатир лæг адтæй, æма исфæндæ кодта лæхъуæни бафхуæрун. Рамарон æй, зæгъгæ, æма рамарунмæ ба алке къох нæ тасуй. Изæр æрдæмæ 'й хонхи риндзæмæ искæнун кодта, æма 'й уоми бæласæбæл бабастонцæ. Кизги фидæ кæстæртæн бафæдзахста, исуæгъдæ кæнунмæ имæ куд маке иссæуа, уотæ. Карз тæрхон ин рахаста: хуæнхаг зуймон гъизт æхсæви барæ ин бакодта æ хъисмæт, æрдзи фæрци 'й рамарун адтæй æ фæндæ.

Лæг сæумæй амæттаги бæрæггæнæг ку иссудæй, уæд æ десæн кæрон нæбал адтæй: лæхъуæн нæ ниссалдæй, нæ рамардæй. Е нæ, фал æ цæстити цæхæр дæр нæ фæннидæндæр æй.

– Ци изæд, ци идауæг дин байагъаз кодта, биццеу? – фæрсуй æй. – Уодæгас ма ку дæ... Куд нæ ниссалдтæ?

– Мæ изæд æма мæ идауæг дæр æй ме 'рдхуард æнсувæр. Æзинæ-бонмæ мин арт кæнуй æма мæ æ зæрди артæй тавуй.

Лæг рамæстгун æй кæстæртæмæ, хæстæг имæ маке бауадзетæ, зæгъгæ, син ку бафæдзахста. Лæхъуæни алливарс ракæститæ кодта арти фæд агоргæй. Биццеу æй балæдæрдтæй æма ин уотæ:

– Ами 'й ма агорæ, уартæ риндзи нихмæ къæрдеубæл... Нур дæр ма уоми æй. Æ арти цæхæр мæ нур дæр тавуй.

Кизги фидæ риндзи бакомкоммæ дæллаг фарс мети сæрмæ арти æвзæгутæ æма лæхъуæни æрдхуарди ку рауидта, уæд фæссах æй. Æрдхуарддзийнади тухæ идардмæ дæр ке ахедуй, æ гъомус зуймон æхсæви гъизтæй ке багъæуай кодта, уомæй æ зæрдæ æрфæлмæн æй. Лæхъуæни райхалун кодта, æ зин сахатти адæймаги еунæгæй ка нæ уадзуй, уæхæн æрдхуæрдтæ кæмæн ес, е мин сиахсæн цæмæннæ исбæздзæнæй, зæгъгæ, æма ин загъта: «Цæугæ дæ хæдзарæмæ æма дæ минæвæрттæ рарветæ! Мæн дæуæй хуæздæр сиахс нæ гъæуй!..»

Гъе уæхæн устур цæстиварди адтæй адæммæ æрдхуарддзийнадæ...

*Нæ рагфидтæлти зæгъдтитæй:*
*«Лæгъуз фæууинун, рартасун дессаг нæй – лæгъуз е ‘смагæй дæр æхе равдесдзæнæй. Хуарз æрæстæфун зиндæр æй. Уомæй зиндæр ба – æцæг аргъ ин искæнун...»*





Хорискæсæни фарстатæ æртасæг ахургæндти Еугурдуйнеуон конгресси архайгутæ. Разæй (галеуæрдигæй) бадунцæ Баликъоти Аслангерий æма Таутиати Дрис.

# ТАУРÆХЪТÆГÆНÆГ



**МÆРЗОЙТИ Сергей**
**(1927-2009),**
**ахургæнæг, публицист**

ИРИСТОНИ зæронддæр гъæутæй еу – Фæснæл – æрбунат кодта Дигоргоми Уорсхонхи бунмæ арф æма гæвзукк будури. Урух арвæй дæр имæ айдагъдæр галдзарми асæ гæбазæ æрхаудтæй. Аллирдигæй æхгæд æй бæгънæг фæхстæ æма къæдзæхтæй. Коми иннæ гъæути хæццæ баст адтæй нарæг къахнæдтæй, æгæр мæгур имæ галуæрдунæй дæр æдасæй бацæуæн нæ адтæй.

Аци минкъий хуæнхаг гъæуæй дзиллити æхсæнмæ берæ хуарз лæгтæ рацудæй: ахургæнгутæ, дохтиртæ, инженертæ, юристтæ æма æндæр æхсæнадон бæрнон косгутæ. Фæснæли райгурдæй æма исгъомбæл æй игъустгонд искурдиадæгин скульптор Тауасити Сослæнбег, хъæбæр зундгонд æнцæ æ берæ исфæлдистадон куститæ, зæгъæн: Дзæуæгигъæуи Къостай æма сахар Уфай Башкирий национ бæгъатæр Салават Юлаевæн ци циртдзæвæнтæ æвæрд æрцудæнцæ, етæ.

Фæснæйлæгти сæйраг архайд адтæй фонси куст. Мæгур нæ цардæнцæ. Кæрдзин сæхе хъиамæтæй амал кодтонцæ сæ фагæ. Адтæнцæ иуазæгуарзон, гъаст нецæмæй кодтонцæ. Фæснæйлæгтæмæ кустуарзондзийнадæй уæлдай ма адтæй берæ æндæр хуарз менеугутæ. Еугурæйдæр сæрæн адтæнцæ кафунмæ, зарунмæ, фæндурæй цæгъдунмæ.

Мæ уаци мæ зæгъун фæндуй аци гъæуккаг искурдиадæгин зартæгæнæг æма кадæнгитæгæнæг Баликъоти Мухай фурт Аслангерий туххæй. Райгурдæй 1882 анзи. Æ сувæллони бонтæй фæстæмæ æнæзийнадæй фæллойнæ кæнунæй уæлдай ма берæ бауарзта зарун, кафун æма фæндурæй цæгъдун, уæдта сæмæ арæхсгæ дæр хъæбæр дæсни кодта.

Æ ниййергутæ адтæнцæ фонсдарагæ биййонтæ. Слангери раги райста æ къохтæмæ фиййауи лæдзæг æма хизин. Æ фонси дзогæ сехуарафони будурмæ ку ратæридæ, уæд Уæллаг бадæни бæрзонд дори сæрæй райгъусиуонцæ æ уадиндзи зæлтæ. Сæрдигон думгæ сæ æ базуртæбæл хаста идæрдтæмæ, сауæнгæ компæбун хуасæ ка карста, еци хуасдзаути къуæртти уæнгæ дæр. Етæ сæ кæрдун, цит, ниууадзиуонцæ æма цæмæдесæй игъосиуонцæ дессаги зæлланггæнагæ зæлтæмæ.

Гъо, фал Слангерий искурдиадæ хъæбæрдæр раргом æй, гъесинфæндурæй цæгъдун ку райдæдта, уæд. Слангерибæл æхсæрдæс анзи ку цудæй, уæд косун райдæдта бельгийæгти æрзæткъахæн фабрики. 1905-1907-аг æнзти ба архайдта Фиццаг уæрæсейаг революций змæлди. Æвæдзи ’й зондзинайтæ, фæллойнæгæнæг дзиллити еци исистадæй æ нисанеуæг ци адтæй, уой исаразун нæ бантæстæй, дæрæнгонд æрцудæй паддзахи гæрзефтонг тухгиндæрдзийнади фæрци, æ исаразгутæ æма æ архайгутæ ба карз æфхуæрд байййафтонцæ. Æма Слангерий дæр, цæмæй уæхæн æфхуæрд ма иссирдтайдæ, уой туххæй е ’мбæлтти хæццæ фæллигъдæй Америкæмæ.

Рæстæг цудæй, æнзтæ æййивтонцæ кæрæдзей. Идард æцæгæлон бæсти Слангерий базонгæ ’й æхе хузæн æригон итайлаг косæги хæццæ. Е æмбесонди рæсугъд цагъта далафæндурæй. Æ арæхстдзийнадæ нæ бавгъау кодта Слангерийæн дæр. Ахур æй кодта, байамудта ин итайлаг мелодитæ.

Слангерий зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй фабрики уагъд гъесинфæндур æма, ци æхцай къапеккитæ бакуста, уонæй æй балхæдта. Фæстæмæ райгурæн бæстæмæ æздæхгæй, даргъ денгизон надбæл науи е ’мбæлтти мæтъæл æма гъенцъун кæнун нæ уагъта... 1913 анзи исæмбалдæй фæстæмæ æ райгурæн гъæубæл, æнхæст кодта аллихузи куститæ. Разæнгардæй архайдта 1917 анзи революцион цаути дæр, зонгæ адтæй берæ номдзуд революционерти хæццæ. Советон доги еу рæстæг адтæй Фæснæли гъæусовети сæрдар, будуйрон кустгæнæг бригади разамонæг, фонсдарæн ферми сæргълæууæг.


БАЛИКЪОТИ Мухай фурт Аслангерий

Синхбæсти медæгæ, мæнæ æндæр хуæнхаг гъæутæй æндæр кæмидæр киндзæхсæвæр, кизгæрвист кæмæ уидæ, уордигæй сæрмагонд хонæг æрветиуонцæ Слангеримæ, нæ цийнæ нин фæррæсугъддæр кæнæ, зæгъгæ. Æма кæмæ æрбацæуидæ, етæ сæрустур уиуонцæ, сæхецæн æй устур кадæбæл нимайиуонцæ.

Слангери æ музыкалон исфæлдистади фулдæр æргом æздахта нæ адæми бæгъатæр фурттæбæл арæзт кадæнгитæ æма зартæ адæми ’хсæн парахатдæр кæнунмæ. Хъæбæр арæхстгинæй æнхæст кодта «Мусакати Мустъафай», «Хъани фурт минкъий Гегки», «Гъуцъунати авд æнсувæрей» æма берæ æндæр кадæнгитæ. Е ’мбал Гусати Хатуй хæццæ исаразтонцæ, Иристони дзиллæй беретæ Америкæмæ æхца косунмæ æнæбари ке цудæнцæ, уой туххæй дæр зар. Уоми бавдистонцæ еци амондагоргутæн сæ уæззау царди хузтæ, сæ биййонтæбæл куд мæтæ кодтонцæ, еци æнкъарæнтæ.

«Хъани фурт минкъий Гегки», зæгъгæ, кадæнги дзубанди цæуй Стур Дигорæбæл гурдзиаг къниаз Гезей-æлдар хъалон куд æрæвардта æма æ нихмæ Гегкий разамундæй стурдигойрæгтæ ци карз тох исаразтонцæ, уой фæдбæл. Гегки еци тугъди фæцæй мæлæтдзаг цæф. Æ зæронд мадæ æма æ нæуæгхунд цардæмбал Хъала тегъæбæл еунæгæй байзадæнцæ, фал Стур Дигори ба фæййервæзун кодта æрцæуæг æлдари дæлбарæй.

Тъæпæн Дигори дæс гъæуей цæргутæн алли анз дæр 1 Майи устур бæрæгбон уидæ Мæхчески. Ами æрæмбурд уиуонцæ берæ адæм. Исаразиуонцæ бæхбæлбадгути догъ, æндæр аллихузонеристæ, уæдта кафунæй, зарунæй, фæндурæй цæгъдунæй дæр дæснидæрти исбæлвурд кæниуонцæ. Ами дæр Слангери е ’рдхуард Легкойти Заури хæццæ сæ далафæндурти цагъдмæ, зартæмæ æригъосун кæниуонцæ еугур дзиллæ. Еци дууæ лæги бæрæгбони нæ ’нцæ, зæгъгæ, уæд æй æнхæстбæл нæ нимадтонцæ адæм.

Слангери æма Иристони иннæ зундгонд кадæнгæгæнæг Тауасити Дрис берæ хæттити архайдтонцæ нæ республики хехъæппæресадон аййевади æркастити, олимпиадити, конкурсти. 1960 анзи архайдта Мæскуй еугурцæдесон конкурси, иссæй лауреат. Рамардæй 1961 анзи.

Устур Фидибæстон тугъдмæ Фæснæли цуппæрдæс хæдзаремæй рандæнцæ фондз æма инсæй сахъигурди. Уони хæццæ – Слангерий æртæ фурти дæр. Фæснæйлаг тугъдонтæй цуппæрдæс нæбал æрæздахтæнцæ гъæумæ, сæ цард равардтонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау. Нæбал бакъахдзæф кодта æ райгурæн къæсæрбæл Слангерий фурт Шамил, нæбал байгъуста æ фиди кадæнгитæмæ. Шамили туххæй ма уой зæгъун гъæуй, æма Ялти медицинон скъолай ахур кодта, уотемæй рандæй 1939 анзи финнти нихмæ тугъдмæ, уой фæсте бафтудæй Ленинградi блокади. Фæммард æй 1945 анзи Литвай зæнхæбæл. Хестæр лейтенант Баликъой-фуртмæ адтæй Фидибæстон тугъди дууæ къæпхæней ордентæ, Намуси дууæ ордени, Сурх Стъалуй орден æма берæ майдантæ.

Василий æма Хъазбег дæр берæ лæгдзийнæдтæ бавдистонцæ цуппар анзей дæргъи, уомæн æвдесæн тугъдон хуæрзеугутæ – ордентæ æма майдантæ.

Хуцауи фæрци Василий æма Хъазбег уæлахездзаутæй исæздахтæнцæ тугъдæй, æрбундор кодтонцæ уой фæсте Беслæни, сæ хæццæ кæстæр æнсувæр Горга дæр, уотемæй.

Слангери тугъди рæстæги каргун лæг адтæй. Фал уæддæр фæскъилдуни дæр æ фæллойнæй е ’мгъæуккæгти хæццæ æ бон ци адтæй, уомæй æхебæл нæ аурста, байвæрæн бахаста устур Уæлахезмæ. Еци æнзти куста бæхти ферми. Цал æма цал уæзласæн æма саргъи бæхи бацæттæ кодта фронтæн! Уомæй уæлдай ма, 1942 анзи Фæскавказæй хуæнхон нæдтæбæл хайуанти рагъбæл фронтмæ уæзæгтæ ка хъæртун кодта, еци сурхæфсæддонтæн цæттæ кодта сæрмагонд къахидарæс.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъун гъæуй, æма устур арфиаг гъуддаг исаразта Слангерийæн æ кæстæр фурт Горга, æ фиди кадæнгитæ æма зартæ пластинкæбæл финстæй ке багъæуай кодта, уомæй. Æма Слангери æхуæдæг æ уæлзæнхон цардæй кæд раги рахецæн æй, уæддæр æ зар æма фæндури зæлтæ ба абони дæр ма игъусунцæ, рæвдаунцæ дзилли зæрдитæ...



Всеволод МИЛЛЕР

***Нæ уодварни царддæттæг хæзнатæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ ци уæлтæрхæг бамбурд æнцæ, уордигæй нæмæ ирдæй зиннунцæ нæ адæми исфæлдистади зæринтæ, зæрдиагæй сæ бамбурд кодта нæ рагфидтæлтæй нæмæ ке фæрци æрбахъæрдтæнцæ, уони рохс нæмттæ. Уонæй нуриуæнгæ дæр нæ газети кедæрти туххæй финстан. Уотæ нæмæ кæсуй, цума абони дæр, нæ газети фæрстæбæл царди ци рохсадон нæуæгдзийнадæ уадзæн, гъома, «Иристони национ культурæ», зæгъгæ, сæрмагонд рауагъдадæ, уоми дæр син сæ ном иссерун раст уодзæнæй. Бæлвурдæй ба нæ абони дзубанди æй игъустгонд рохситауæг Туккати Алексейи фурт Солæмани (хеуæнттæ ’й Габуди худтонцæ) туххæй. Е адтæй, номдзуд ахургонд, Иристони наукон ахуради бундорæвæрæг Всеволод Миллерæн æ ахурадон архайди хъæбæр ка фæййагъаз æй, уонæй еу.***

***Дзубанди дæр ибæл нæййес В. Миллер Иристонæн цæйбæрцæбæл берæ хуæрзти бацудæй, уобæл. Нæ адæми истори, фольклор æма æвзаги фарстатæ хъæбæр ахсгиаг бунат байахæстонцæ аци ахургонди берæвæрсуг исфæлдистади. Уомæ гæсгæ си нæ адæм æностæмæ арфиаг уодзæнæнцæ. Æхсæнади фæндонмæ гæсгæ Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еуемæн лæвæрд æрцудæй Миллери ном. Всеволод Миллери цардвæндаг æма æмбесондæн дзоруйнаги фæллойнæбæл беретæ финстонцæ. Уомæ гæсгæ абони уобæл нæ дзордзинан, фал æримисæн æ куст æнæ еске агъазæй, ка ’й зонуй, уоййасæбæл æнтæстгинæй нæ фæррæстмæ адтайдæ. Уонæй еу, ку зæгъæн адтæй Туккати Габуди. Абони уой кой сæрмагондæй уомæ гæсгæ кæнæн, æма ин е ’рдзон искурдиадæ хъæбæр лæмбунæг æрæстæфтæй æма ’й æ карнæ уой фæрци аразунмæ фæрразæнгард кодта В. Миллер, не ’мзæнхонæн æ цубур царди бонтæ дæр е исрохс кодта.***



ТУККАТИ Габуди

# «ФÆНДАДТÆЙ МÆ ЕУГУРЕМÆН ДÆР ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНУН...»



**ГУРИАТИ Тамерлан,**
(1929-2016)
филологон наукити доктор, профессор

### ЦРДИ АМОНДБÆЛ АРХАЙГÆЙ ÆХУÆДÆГ БА СИ ФЕНÆХАЙ ÆЙ...

Туккати Солæман (хæдзари номæй Габуди) Алексейи фурт райгурдæй 1857 анзи 16 декабри Киристонгъæуи. Кæд æ мадæ æма æ фидæ хумæтæги гъæуккаг цæргутæ адтæнцæ, уæддæр сæ уодæй арт цагътонцæ, цæмæй сæ цæуæти ахури надбæл æрæвæронцæ. Хæдзари хецау дардта биндзитæ, æ бон куд адтæй, уотæ агъаз кодта æ цæуæтæн. (Биндздаруни гъуддагмæ фæстæдæр Габуди е ’ргом раздахта, уомæн æма æ сабийбонтæй фæстæмæ лæдæрдтæй уомæн æ пайда). Габуди каст фæцæй райдайæн скъола æма ’й идарддæр ахур кæнунмæ рарвистонцæ Дзæуæгигъæуи реалон скъоламæ. Уой каст ку фæцæй, уæдта рандæй Петербурги Гъæди институтмæ ахур кæнунмæ. Фал зæрдæргъæвд биццеуæн е ’нæнездзийнадæ фæккиудтæй æма ин уоми цæрæн нæбал адтæй. Раййивта Мæскуй гъæуууонхæдзарадон æма гъæди академимæ. Е адтæй 1880 анзи. Фиццаг ахур кодта гъæдикустгæнæн хайади, уæдта ’й æхе курдиадæмæ гæсгæ раййивтонцæ гъæууон хæдзаради хайадæмæ. Академи каст фæцæй 1885 анзи æма идарддæр ба косун райдæдта æ дипломон кустбæл. Еци дзамани уæхæн фæткæ адтæй: теоретикон къурси фæсте студент гъæуама рандæ адтайдæ практикæмæ æма æ зонундзийнæдтæй бæлвурд кусти пайда кæнгæй гъæуама финстайдæ дипломон куст.

Устур зиндзийнæдтæ бавзурста Габуди практики рæстæги. Æ нез дæр æй уæлæмæ искæсун нæбал уагъта, фал уæддæр æ гъуддаг кæронмæ рахъæртун кодта æма ин 1886 анзи равардтонцæ куст Мæскумæ хæстæг рауæни. Косгæ кодта инспекторæй. Минкъий фæстæдæр æй раййивтонцæ косунмæ Мæскумæ. Уæдмæ ибæл æ рæуугути нез карздæр кодта, лæхъуæн ахидæй-ахиддæр сæйгитæ кодта. Æма æхе исдзæбæх кæнуни туххæй Габуди 1887 анзи иссудæй Кисловодскмæ. Ами дохтиртæ исбæрæг кодтонцæ, Габудий рæугутæ хъæбæр сахъат ке адтæнцæ, уой. Уой туххæй финста æхуæдæг дæр Всеволод Миллермæ. Дохтиртæ ин бæргæ дзурдтонцæ, денгизи билæмæ ескумæ фæццо, дæ нез хъæбæр тæссаг æй, зæгъгæ, фал уомæн ба устур æхцатæ гъудæй æма ин æхемæ фæккæсунæн фадуат нæбал адтæй. Уотемæй дæр еудадзуг хуæрдæгъæуагæ æййафта æма бустæги исæнæхъаурæ 'й. Æхуæдæг Всеволод Миллермæ куд финста, уотемæй æй думгæ æ еунæг уотид æрбадумдæй дæр рахъан кодтайдæ.

Габудий бæргæ фæндадтæй Дзæуæгигъæуи косун (уæддæр æ райгурæн бæстæ), фал æй æ разамунд цæмæдæр гæсгæ Армавирмæ рарвиста. Æма уобæл дæр цийнæ кодта: фадуат ин фæцæй сæхемæ ахиддæр цæун.

Ееуæхæни Габуди гъуддаги фæдбæл балций рандæй, æхе нæ багъæуай кодта, исуазал æй, æма ’й рæугути нез уой фæсте нæбал исуагъта. Профессор Кокити Геуæрги сæрмагондæй æрдзубанди кодта Габудий цардвæндаг æма исфæлдистадæбæл. (Æ финститæй ин æз дæр испайда кодтон.) Габуди уоййасæбæл ку æрсæйгæ 'й, уæд имæ æ хуæрæ Аннæ æма æ сиахс Уруймæгти Сандир рандæнцæ, уодæгасæй ма ’й сæхемæ бæргæ исластонцæ, фал... Нæ Иристони разагъди лæг 1890 анзи 29 мартъий æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй.

### ИССÆЙ УСТУР АХУРГОНДÆН Æ ХУÆЗДÆР АГЪАЗГÆНГУТÆЙ ЕУ...

Рагон æгъдæуттæ æма таурæхътæ... Адæмæй еуæй-еу хатт феронх унцæ, абони бонмæ рагон таурæхътæ æма æгъдæуттæ ке фæрци æрхъæрдтæнцæ, ка сæ багъæуай кодта, ка сæ ниффинста, ка са рауагъта, уони нæмттæ. Аци гъуддаги архайдтонцæ ахургæндтæ дæр. Уонæй еуæй-еуетæ æнцойнæ кæнунцæ, зæгъæн, В.Миллери куститæбæл, фал Миллерæн æрмæг ка равардта, етæ ба иронхуати райзайунцæ, уомæ гæсгæ ба гъæуама еуетæн дæр æма иннетæн дæр аккаг бунат уа æма аккаг аргъгонд цæуа. Уой равдесуни туххæй æрхæсдзæнæн цалдæр дæнцæни.

...Бæхфæлдесуни æгъдау æма уой хæццæ баст кæндитæ недзаманти берæ адæмтæмæ адтæнцæ. Фал, еци рагон æгъдау нæ фидтæлтæ куд багъæуай кодтонцæ, уотæ ’й неке багъæуай кодта. Иннæ адæмтæ ’й æригъосгæй зудтонцæ, мах адæми царди ба хуæрзæрæги уæнгæ дæр ма адтæй æ тухи. Зингæ ахургонд профессор Виденгрен цæмæдесæй финста уой туххæй. Мадта дуйней тæккæ нимаддæр фольклористтæй еу, номдзуд французаг ахургонд Дюмезиль дæр æ наукон кустити еу æма дууæ хатти нæ испайда кодта рагон ирон бæхфæлдесуни æгъдауæй.

Ахургæндти хъæбæр устур деси бафтудта еу гъуддаг: куд багъæуай кодтонцæ ирон адæм бæхфæлдесуни фæткæ недзамантæй нурмæ? Раздæр куд загътон, уотемæй еци æгъдау индоевропаг æма æндæр адæмтæмæ дæр адтæй, фал æй етæ феронх кодтонцæ. Нæ рагон фидтæлтæ аци гъуддаги консервативондæр уомæн разиндтæнцæ, æма сæ царди зингæ фулдæр æуууæлтæ байзадæнцæ, сауæнгæ скифти дзамани куд адтæнцæ, уотемæй. Нæ адæм сæ сæ цардиуаги фæлтæрæй-фæлтæрмæ гъæуай кодтонцæ, бундорон æйййивддзийнæдтæ си нæ цудæй, уотемæй.

Всеволод Миллер финста, зæгъгæ, бæхфæлдесуни фæззелæнтæ æма ин уой бæлвурддзийнæдтæ радзурдта Туккати Солæман, зæгъгæ.

Ирон мифологий ахсгиаг бунат байахæста Руймони таурæхъ. Уой дæр мах абони бони зонæн Габудий фæрци. Зин зæгъæн æй, Габуди ку нæ ниффинстайдæ аци таурæхъ, уæд ма ’й еске гъуди кæнидæ æви нæ. Никкидæр ма еу фольклорон уадзимиси кой искæнæн. Е æй, Габуди ке ниффинста, еци рæсугъд таурæхъ – «Биндзитæ куд рантæстæнцæ Дигори».

В. Миллер лæмбунæгæй равдиста, нæ рагфидтæлтæ уæларвон дуйней арæзт куд лæдæрдтæнцæ, уой. Аци лæмбунæг æрмæг дæр исирæзтæй Туккати Габудий фæрци. Ниффинста фондз адæмон аргъауи, цуппар кадæнги, къуар таурæхъи, æндæр фольклорон æрмæг... Аци дæнцæнтæй бæрæг æй, номдзуд ахургондæн Габуди устур агъаз ке бакодта, е. Амондгун адтæй Габуди, В. Миллери хæццæ æ хъисмæт ке исбаста, уомæй. Амондгун адтæй В. Миллер дæр, Туккати Габудий хузæн агъазгæнæг ин ке адтæй.

Габуди ниммухур кодта къуар уадзимиси аллихузон фарстатæбæл. Уонæй еу адтæй, абони ахургæндтæ се ’ртасæн кусти кæмæй пайда кæнунцæ, еци историон-этнографион уадзимис.

Раздæр дзубанди рацудæй, Габудий фидæ муддар адтæй, зæгъгæ. Мадта Габуди æхуæдæг дæр муддаруни кустмæ æ гъос ке дардта, е æ финститæй бæрæг æй. Мах адæммæ цæрунæй-хуæрунмæ мудибиндзитæ даруни куст кадгин гъуддагбæл нимад адтæй.

Туккати Валодя æма мин Лидæ кæддæр куд радзурдтонцæ, уотемæй Габудий фæстаг зæгъдтитæ адтæнцæ æ адæми карни хæццæ баст. Тухамæлтти ма исдзорун бафæразта:

– Бæргæ мæ фæндадтæй фæййагъаз кæнун... айдагъ сумахæн нæ, фал нæ адæмæн, мæ уарзон Иристонæн...

### ХУАРЗИ КОЙ НÆ ИСÆФУЙ

Хъибизти (Туккати) Лидæ мин кæддæр ракодта мæнæ ауæхæн хабар. Цæветтонгæ, Габудий æнсувæри фурт Сергей Устур Фидибæстон тугъди фæсте ахур кодта Мæскуй энергетикон институти. Цардæй æмдзæрæни. Ееуæхæни клуби е ’мбæлтти хæццæ гъазта æма еци дзамани уордæмæ бацудæнцæ æртæ лæги. Æрбацæугутæй еу уотæ исдзурдта:

– Ма мин æй зæгъетæ, ами Туккатæй ка ес, уой: æз æй мæхуæдæг базондзæнæн...

Лæг æ цæстингас лæхъуæнти къуарбæл рахаста æма комкоммæ Сергеймæ бацудæй:

– Мæнæ айæ æй Туккатæй!..

Уæдта Сергеймæ дзоруй:

– Ду Солæмани хузæн дæ.

Еци æнæзонгæ лæг разиндтæй Всеволод Миллери фурт Барис... Уой фæсте Барис æма Сергей цалдæр хатти фембалдæнцæ. Бариси хъæбæр фæндадтæй, Сергей идарддæр ку ахур кодтайдæ, аспирантурæмæ ку бацудайдæ, фал е æндæр над равзурста.

Æз мæхуæдæг дæр бустæги æнæнгъæлæги базонгæ дæн Всеволоди фурт Бариси хæццæ. Уæд æз ахур кодтон Мæскуй паддзахадон университети аспирантури. Еу бон гардероби размæ еу æнæзонгæ лæг æрбацудæй æма ин æ уæледарæс ласунмæ фæййагъаз кодтон. Кæстæрæн куд федауй, уотæ. Лæг мин райарфæ кодта æма ранæхстæр æй. Уæдта фæстæмæ фæззилдæй æма мæ бафарста, ка дæн, уомæй. Æз мæхе байамудтон. Ирон дæн, уой ку базудта, уæд хъæбæр бацийнæ кодта. Æма мæ æ хæццæ рахудта. Еу аудиторимæ бацудан. Адтайдæ си æхсæз-авд студенти. Салам син равардта, уæдта дзорун райдæдта, мах адæми туххæй. Ирон адæми уотæ бæрзонд исиста, æма си æз мæхуæдæг хъæбæр фефсæрми дæн... Деси бацудтæн, мадта, зæгъун, цума аци ездон лæг ка уодзæнæй. Æ радзубандий кæронбæттæни лæг, мæнмæ райамонгæй, загъта:

– Мæнæ уин еци адæмæй еу!..

Аци æнæзонгæ лæг адтæй Всеволод Миллери фурт Барис, зингæ ахургонд. Мах ма уой фæсте дæр къуар хатти фембалдан æма мæбæл алли хатт дæр хъæбæр бацийнæ уидæ.

Ци дууæ имисуйнаги æрхастон, уонæй бæрæг æй, Барис æ курухон фиди фарнæ ке багъæуай кодта. Всеволод Миллер ирон адæммæ ци зæрдæ дардта, е байзадæй æ фурти уодигъæди дæр.

Сауæнгæ æ сабийбонтæй фæстæмæ Барис æмбалдæй, æ фидæн агъаз ка кодта, лимæнæй ке хæццæ цардæй, уони хæццæ æма уони хузæн ирон лæгти хæццæ, сæ адæмбæл ка тухстæй, æ исонибони нæдтæбæл ин си ка сагъæс кодта, дзилли хуарздзийнадæн ка цардæй.

Уони рохсæй махæй алкедæр хайгин æй. Æма уомæ гæсгæ ба ихæсгин ан, ци гæнæн æма амал ес, уомæй архайун, цæмæй сæ зононцæ нæ адæми нури, уæдта ма нæ фæсте ка исæнтæстдзæнæй, еци фæлтæртæ дæр. Уадзæ æма сæ нæмттæ цæронцæ æностæмæ!..

**Нæ рагфидтæлти зæгъдтитæй:**
*«Еу рæсог цæугæдон, дан, æ хузæй исгъигæ ‘й, æндæрхузон исунмæ бæлдтæй. Уалинмæ хонхи фахсæй лæсæн рацудæй, æма цæугæдон ку исæзманста, уæд е æхецæй ниббоз æй...»*





# ДОГÆ ÆМА ФÆЛТÆРТИ ÆВДЕСÆГ РАВДИСТ

Хузæгæнгути Цæдеси равдистити зали æрæги байгон æй национ куклати Еугуруæрæсеуон равдист. Арæзт æрцудæй нур цуппæрæймаг хатт. Нæ бæсти, уæлдайдæр ба Цæгат Кавкази регионтæй æма нæхе республикæй си архайуй дæс æма æртинсæй адæмон армдæснийæй фулдæр. Сæ конд куклати фæлгонцти ба фæуууинæн ес евгъуд догти цæрæг адæмихæттити цардиуаги хецæндзийнæдти æвдесæнтæ, зæгъæн, силгоймæгтæ æма нæлгоймæгти дарæс. Сæ дзаумау, сæ сæригъунти фастæй бæрæг æй, ци доги цардæнцæ, æхсæнади ци бунат ахæстонцæ, бæрæгбæнтти æма аллибон ци уæледарæс дардтонцæ. Сæ зундирахаст, сæ меддуйне, сæ дуйнелæдæрундзийнадæ куд ирæзтæнцæ, уой.

Равдист байгон кæнуни кадгин æмбурдмæ ‘рбацудæнцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий хузæгæнгути Цæдеси разамунд æма æ иуонгтæ, уæлдæр æма астæуккаг ахургæнæндæнтти студенттæ, скъоладзаутæ æма аййевадæуарзгутæ.

Равдист игон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали ка радзубанди кодта, етæ, фиццагидæр, зæрдиагæй райарфæ кодтонцæ равдисти еугур архайгутæн дæр æма иуазгутæн дæр. Куд загъд си æрцудæй, уотемæй, æхцæуæн æй, æ архайгути нимæдзæ анзæй-анзмæ ке ирæзуй. Уæлдай æхцæуæн ба ‘й, се ‘хсæн ке ес скъоладзаутæ дæр. Е ба уой амонуй, æма аци аййевади хузæ цæмæдессаг ке ‘й адæми еугур фæлтæртæн дæр, æ техникон æма исфæлдистадон гæнæнтæ æма равгитæ дæр ке ирæзунцæ. Æма æруагæс кæнуй, зæрдæмæдзæугæ исонибон ке уодзæнæй, фиццагидæр уомæ гæсгæ, æма уобæл никки зæрдиагдæрæй æма лæмбунæгдæрæй ка косдзæнæй, уæхæн фæсевæд дæр абони ке фæззиндтæй.

Куклатæ кæнуни аййевадæ армдæсниади хузтæн сæ рагондæр æй. Зундгонд этнограф **Уарзиати Вилен** уой фæдбæл æ уацтæй еуеми уотæ финста: «Нæ адæми материалон культури рагæй-æрæгæмæ дæр ахсгиаг бунат ахæстонцæ гъазæн киндзитæ. Кæд киндзитæй сæйрагдæр сабийтæ гъазтонцæ, уæддæр си сæ кари адæм дæр еуварс нæ изадæнцæ. Адæймаги цард æ райгурцæй æ рамæлæти уæнгæ æнгом баст адтæй гъазæн киндзити хæццæ. Етæ активонæй архайдтонцæ нæ адæмæн айдагъ сæ бийнонти нæ, фал се ‘хсæнади царди дæр.

Адæмон гъазæнтæ, куд цардæгас дуйней фæсномуг нисæнттæ, ахсгиаг æнцæ историон-этнографион æгъдауæй – етæ устур агъаз уайуонцæ нæ адæми евгъуд цард ирддæрæй нæ цæститæбæл рауайун кæнунæн. Мæнæ куд зæгъуй уой туххæй францунзаг психолог Раабе: «Гъазт равзурдæй алли хецæн адæмæн дæр æ культури æрфитæй, æма еци адæмтæн сæ культури хуæдбундордзийнадæ рартасæн ес, циуавæр гъæзтитæ æма гъазæнтæ æримистонцæ, уонæмæ гæсгæ».

Нæ адæми традицион культури гъазæн киндзитæ цæйбæрцæбæл агъазиау бунат ахæстонцæ æма сæ ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонд адтæй, уой фæдбæл Уарзиати Вилени уаци хæццæ уæ базонгæ кæндзинан нæ газети сæрмагонд уæлæфтауæн «Царди айдæнæ»-йи иннæ рауагъди. Уогæ уой туххæй дзубанди цудæй, мæнæ нур ци равдисти кой кæнæн, уой игонгæнæн мадзали дæр. Адæмти ‘хсæн лимæндзийнадæ æма кæрæдзей нимайундзийнадæ федар кæнуни гъуддаги куклатæ аразуни аййевадæ хуæрзæрдæмæ цæйбæрцæбæл ахедуй, нуртæккæ æ ирæзт ци уавæри ‘й, уой туххæй æ гъудитæ загъта адæмон исфæлдистади Республикон хæдзари хайади сæргълæууæг, аййевадæртасæг **Остъати Татьянæ**.

Нæкæси, рæхги Татьянæ бæрæг кæндзæнæй æ юбилей (райгурдæй 1947 анзи 3 апърели). Кæд, цæмæдæр гæсгæ рагацау нæ фæйййарфитæ кæнунцæ, уæддæр уæди уæнгæ равгæ ке нæбал уодзæнæй, уомæ гæсгæ ин зæрдиагæй арфæ кæнæн. Нæ Исфæлдесæг æй берæ æнзти дæргъи ма хайгин кæнæд æнæнез, фæрнæйдзаг æма зæрдрохс бæнттæй.

Равдисти бæрæгбондзийнадæ уæлдай дессаг æ зартæй исрæсугъд кодта искурдиадæгин зартæгæнæг **Илати Тимур.**

Аййевадæуарзгутæн равдист фæууинуни фадуат уодзæнæй иннæ къуæрей кæронмæ.

***ГАСАНТИ Валери,***
***ХЪАИРТИ Диани ист къартæ.***

# БÆРÆГБОН АРФИТÆ ÆМА ЛÆВÆРТТÆЙ ФЕДАУЙ!..

Нæ бæстæ Украини неонацистти нихмæ карз тохи ке бацудæнцæ, уой туххæй. Фал цард æргъудийæй æй.

– Бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд! Нæ республики Сæргълæууæг, хецауадæ æма уин Парламенти номæй арфæ кæнун. Уе ‘сфæлдистадæй рохс хæссетæ адæми зæрдитæмæ. Фæллойнæ кæнетæ нæ минкъий Иристон æма Уæрæсей кадæн. Мæ зæрдæ уин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, уæ хъауритæ фулдæрæй-фулдæр куд кæнонцæ, аци зин рæстæги уæ бон идарддæр дæр архайун куд уа, уæхæн арфæ уæ уæд!

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги бардзурдмæ гæсгæ культури ирæзтмæ устур байвæрæн ке бахастонцæ, уой туххæй «Цæгат Иристон-Аланий культури æскъуæлхт косæг»-и ном лæвæрд æрцудæй:

Елхотти Кокайти Салами номбæл Сувæллæнтти аййевæдти скъолай ахургæнæг **Дзгойти Зæринæн**, Дзæуæгигъæуи Петр Чайковскийи номбæл Сувæллæнтти 1-аг музыкалон скъолай ахургæнæг **Гъæргинти Маринæн**, Рахесфарси районы культури Галауани методист **Маринæ Шагашвилийæн**, Дигори районы Центрон библиотеки методикон-библиографион хайади сæргълæууæг **Гурдзибети Зæлинæн**, Октябригъæуи Сувæллæнтти музыкалон скъолай ахургæнæг **Къæбисти Зæлинæн**.

Республики Сæргълæууæги бардзурдмæ гæсгæ культури къабази æ берæ æнзти дæргъи фæлтæрдгин кусти туххæй Цæгат Иристон-Аланий Кади грамотитæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ: Елхотти Кокайти Салами номбæл Сувæллæнтти аййевæдти скъолай директор **Хъусати Виктория**, Кирови районы культури Хæдзари дзаумæуттæ хуйæн цехи разамонæг **Гобозти Ритæ,** Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти æмзаргæнгути скъолай фортепианой ахургæнæг **Басити Аллæ**, Дзæуæгигъæуи Тауасити Сослæнбеги номбæл сувæллæнтти аййевæдти скъолай ахургæнæг **Валентинæ Панасенко** æма иннетæ.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги номæй ма Арфи финстæгутæ райстонцæ: Дзæуæгигъæуи Сувæллæнтти æмзаргæнгути скъолай ахургæнæг **Михаил Гальцев**, Дзæуæгигъæуи Тауасити Сослæнбеги номбæл сувæллæнтти аййевæдти скъолай ахургæнæг **Аннæ Мухарашвили**, Хетæгкати Къостай номбæл Дзæуæгигъæуккаг фæсевæдон центри балетмейстер **Габанти Миральдæ**.





Дигорæ
Газет «ДИГОРИ» сæрмагонд уæлæфтауæн. Уагъд цæуй мæйæ еу хатт.
Æ дзуапдæттæг редактортæ ГÆТИЙТИ Светланæ æма ГИБИЗТИ Риагинæ.
Редакций адрес: 362015, сахар Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, мухури Хæдзарæ, 6-аг уæладзуг, тел. 25-22-56.